**"ХУЕЖЬЭРЭ ХУЕЖЬЭРЭТ ЖИ"!**

2022.04.22 - АДЫГЭ ИТВ ЛЕЛЕКЦИА - БЕР ХЬИКМЭТ

"ХУЕЖЬЭРЭ ХУЕЖЬЭРЭ - ХУЕЖЬЭРЭ ХУЕЖЬЭРЭТ - ХУЕЖЬЭРЭ ХУЕЖЬЭРЭТ ЖИ" ХУЭДЭ ЖЫIIЭГЪУЭХЭМКIЭЩ АДЫГЭМ ШЫПСЭ КЪИIУЭТЭНУ ЗЭРЫЩIИДЗЭР.

ДЭТХЭНЭ ЗЫ ЛЪЭПКЪМИ ШЫПСЭМ ЗЭРЫЩIИДЗЭ ЩIЫКIЭ –ШЫПСЭ ПЭЩIЭДЗЭ ЖЫIIЭГЪУЭ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ- ИIЭЖЩ.

МЫ ШЫПСЭ ПЭЩIЭДЗЭ ЖЫIIЭГЪУЭХЭРИ -НЭХЪЫБЭМ ДЕЖ- ЗЫ БЛЭКIА ЗЭМАНЫГЪУЭ ЗЭРЫЛЪЫТЭУ ЖЫIIЭПХЪЭЩ.

АУЭ, АДЫГЭБЗЭМ И ШЫПСЭ ПЭЩIЭДЗЭ ЖЫIIЭГЪУЭМ ЗЫ БЛЭКIА ЗЭМАНЫГЪУЭ ИЛЪЫТЭУ ЖЫIIЭПХЪЭКЪЫМ. НЫТIЭ, АБЫ ГУРЫIIУЭГЪУЭ КЪЫТХУИЩIЫР КЪИIУЭТЭНУ ЗЫХУЕЖЬЭР ИДЖЫРИ НАIУЭУ ЩЫМЫТРЭ, АР КЪЭЗЫIIУЭТЭНУМ ЕЗЫМ ИДЖЫ ЗЭРЫЗЭХИЛЪХЬЭНУРЭ КЪЫПКЪЫРЫКIЫНУ - ЩЫПЭIУАТЭУ- ЗЭРЫЩЫТРАУЭ ЖЫIIЭПХЪЭЩ.

ШЫПСЭХЭР ЛЪЭПКЪХЭМ Я ЛИТЕРАТУРЭ ПЭЩIЭДЗЭХЭУИ ЛЪЫТАПХЪЭЩ. ЗЫ ПСЭЛЪЭБЗЭМ КЪИIУЭТАПХЪЭХЭР КЪЫЗЭРИIУАТЭ ПЭЩIЭДЗЭ КЪЭIУЭТЭГЪУЭУ, ШЫПСЭХЭР ПСЭЛЪЭБЗЭ ГЪУАЗДЖЭ (АРТ/ИСКУСТВЭ) ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭРЩ, - БЗЭМ КЪИГЪЭЩI ЯПЭРЕЙ ГЪУАЗДЖЭ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ ЛЪЫТАПХЪЭХЭРЩ.

ДАУИ, ПСЭЛЪЭБЗЭР УХУА НЭУЖЬЩ КЪЭIУЭТАПХЪЭХЭР КЪЫЩЫIIУЭТЭНУРИ, МЫ КЪЭIУЭТЭГЪУЭ ПЭЩIЭДЗЭХЭМ -ШЫПСЭХЭМ- ИПЭ КЪИХУЭРЭ ЛЪАБЖЬЭ ЯХУЭХЪУХЭР ЩХЬЭЖ ПСАЛЪЭХЭРАУЭ ЗЭРЫЩЫТРИ ГУРЫIIУЭГЪУЭЩ.

ДИ ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ ПСЭЛЪЭБЗЭ ПЭЩIЭДЗЭР МАКЪЫБЗЭУЩ ЗЭРИЛЪЫТЭРИ, ЩЫIIЭГЪУЭ УЖЬЫГЪУЭУ УТЫКУ КЪИХЬА МАКЪХЭМКIЭРЭ УХУА ПСАЛЪЭХЭМ ЯЛЪЫТЭРИ Я ЩЫIIЭГЪУЭКIЭРЭЩ ЗЭРАЛЪЫТЭР. МЫПХУЭДЭ ПСЭЛЪЭБЗЭ ЗЫIIУРЫЛЪ ЦIЫХУМИ И ЯПЭРЕЙ КЪЭIУЭТЭГЪУЭХЭР –ЯПЭРЕЙ ШЫПСЭХЭР- ЩЫIIЭГЪУЭМРЭ ЗЭРЫЗЕКIУЭМ ТЕУХУАУЭ ЗЭРЫЩЫТЫНУРИ ГУРЫIIУЭГЪУЭНЩ. АУЭ, МЫ КЪЭIУЭТЭГЪУЭ ПЩIЭДЗЭХЭР - ШЫПСЭХЭР- IУЭРЫIIУЭТЭЖУ ЗЭРЫЗЕКIУЭМ КЪЫЗЭРЫХЭКIКIЭ, Я ЩЫIIЭГЪУЭ ТЕМЭХЭР ХЭЩIРЭ ЗЭРЫХЭКIУЭДЫКIЫФЫНУРИ ГУРЫIIУЭГЪУЭНЩ. АУЭ, АХЭР

КЪЫЗЭРЫIУАТЭ ПСАЛЪЭХЭР Я ЩЫIЭГЪУЭ МЫХЬЭНЭКIЭРЭ БЗЭМ КУЭДЫЩЭУ ЗЭРЫЩЫХЪУМЭФЫНУРИ ГУРЫIУЭГЪУЭНЩ.

АУЭ ИКIИ, ИУЖЬРЕЙ –НЭХЪЫБЭУИ БЗЭР ЗЭРЫХЪУН ХЪУА НЭУЖЬ-ШЫПСЭХЭР ЩЫIЭГЪУЭМРЭ ЗЭРЫЗЕКIУЭМ ТЕУХУАУЭ ЩЫТЫН ХУЕЙУЭ ЗЭРЫМЫЛЪЫТАПХЪЭРИ ГУРЫIУЭГЪУЭЩ.

**ШЫПС**ЭХЭР IУЭРЫIУАТЭ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ ЗЭРЫЩЫТЫМ ХУЭДЭЖУ, **ЛIЫХЪУЖЬ ХЪЫБАР** ЖЫХУЭТIЭХЭРИ **IУЭРЫIУАТЭ** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭРЩ. АУЭ, КЪЭТIУЭТАХЭМИ КЪЫЗЭРЫХЭЩУ, ШЫПСЭХЭР ЛIЫХЪУЖЬ ХЪЫБАРХЭМ ИПЭ КЪИХУЭ КЪЭIУЭТЭХЪУЭХЭРЩ. ДАУИ, МЫХЭР IУЭРЫIУЭТЭЖУРЭ ЗЫР ЗЫМ ХЭПЩАУЭ КЪЫЗЭРЫIУЭТЭЖЫФЫНУХЭРИ ГУРЫIУЭГЪУЭЩ.

ЩIЭНЫГЪЭМ ЯПЭ КЪИХУТАРЭ ЗЫТЕЛЭЖЬЫХЬАР АЛЫДЖ IУЭРЫIУАТЭХЭРАЩ, ИКIИ, АХЭР ИКIИ -ПАСЭУ ЗЭРЫЗЭХЭХЬЭСАМИ ПАПЩIЭ-КОСМОСРЭ КЪЭХЪУНЫГЪЭКIЭ ГЪЭНЩIАУЭ ЗЭРЫЩЫТХЭРАГЪЭНТИ, МЫПХУЭДЭ ТЕМЭ ЗИIЭ IУЭРЫIУАТЭХЭР ЩIЭНЫГЪЭМ **АЛЫДЖЫБЗЭ**У ″IУЭРЫIУАТЭ″ ЗИ МЫХЬЭНЭ **″МИФ″** ПСАЛЪЭМКIЭ ИЛЪЫТАЩ. ″МИФ″ХЭМ ТЕЛЭЖЬЫХЬ ЩIЭНЫГЪЭ КЪУДАМЭРИ **МИФОЛОГИЕ**У ЛЪЫТАЩ.

ДЭ **ЛIЫХЪУЖЬ ХЪЫБАР**У ЗИ ГУГЪУ ТЩIЫ IУЭРЫIУАТЭ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭР **″ЭПОС″**УЩ ЗЭРАЛЪЫТЭРИ, **IУЭРЫIУАТ**ЭХЭР МЫ **Я ТЕМ**ЭХЭМ **ЕЛЪЫТАУЭ** ЩIЭНЫГЪЭМ ″**МИФ**″- ″МИФОС″РЭ ″**ЭПОС**″У ТIУУЭ ЗЭЩХЬЭЩЕГЪЭКIР.

IУЭРЫIУЭТЭЖУ ЗЭРЫЗЕКIУЭМ ПАПЩIЭ, ″МИФ″РЭ ″ЭПОС″ХЭР ЗЫР ЗЫМ ХЭПЩАУЭ ЩЫТЫФЫНУМИ, **МИФОЛОГИЕ**М И IУЭХУР **″МИФ″**ХЭРАЩИ, IУЭРЫIУАТЭХЭМ Е ХИУБЫДЭ КЪЭIУЭТЭГЪУЭХЭМ ХИУБЫДЭ ″МИФ″ХЭР ИЛЪЫТЭУ ЕДЖЫР. АРАЩИ, МИФОЛОГИЕМ IУЭРЫIУАТЭХЭР ЗЭРИДЖЫР ″МИФ″ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ, КОСМОС КЪЭХЪУ-КЪЭЩIЫГЪУЭУ, ТОПОКОСМОСУ КЪЭХЪУ КЪЕКIУЭКIЭУ (ГЪЭР ЗЭРЫЗЕКIУЭР, ЖЭЩРЭ МАХУЭ ЗЭРЫЗЭКIЭЛЪЫКIУЭ), ЦIЫХУ ЗЭХЭТЫКIЭРЭ И ЩХЬЭМ КЪЫРИКIУЭ IУЭХУГЪУЭХЭУ АНАЛИЗ ИЩIЫУ ЕДЖЫР.

МЫБЫХЭМ ТЕУХУА НЭХЪ ЩАПХЪЭФIЫУ ЯЛЪЫТЭРИ -ИПЭКIИ КЪЫЗЭРЫХЭДГЪЭЩАУЭ- ПАСЭIУЭУ ЗЭХУЭХЬЭСАРЭ ТХАУЭ ЩЫТ **АЛЫДЖ МИФОЛОГИЕ**РАЩ.

КӀАСЭУ ЗЭХУЭХЬЭСАУЭ ЩЫТМИ, **МАКЪЫБЗЭ**У ЗЭРЫЩЫТЫМ ИПКЪ ЗЭРИТКӀЭ, **АДЫГЭБЗЭ ӀУЭРЫІУАТЭ**ХЭМИ ПЩІЭХУЭ ЗЭРАӀЭНУР ГУРЫІУЭГЪУЭНЩ.

АДЫГЭ ӀУЭРЫІУАТЭХЭР ХЭКУМ ЩЫЗЭХУЭХЬЭСАЩ ИКӀИ ТХАУЭ ЩЫТЩ. НОБЭ АДЫГЭ ӀУЭРЫІУАТЭХЭР НЭГЪУЭЩІ ЛЪЭПКЪ ӀУЭРЫІУАТЭХЭМ ТЕМАТИКЭУ ЗЭЛЪЫТЭН ЛЭЖЬЫГЪЭХЭРИ КЪЕКӀУЭКӀЫУ ЩІИДЗАЩ.

АУЭ, НЭХЪЫБЭУ ЭПОС ЛІЭУЖЬЫГЪУЭУ ЯЛЪЫТА АДЫГЭ ӀУЭРЫІУАТЭХЭР **МИФОЛОГИЕ** ЕПЛЪЫКӀЭКӀИ **АНАЛИЗ** ЩІЫНРЭ **ДЖЫН** ЗЭРЫХУЕЙРИ ГУРЫІУЭГЪУЭЩ. ИКӀИ, **ӀУЭРЫІУАТ**ЭХЭМ ХИУБЫДЭ **СУБЪЕКТ**ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭ ПСАЛЪЭХЭР –ЦІЭХЭР- **МАКЪЫБЗЭ**У ЗЫГУРЫГЪЭӀУЭНРЭ, МЫБЫХЭМРЭ ЗЫХЭЗЫУБЫДЭ **ӀУЭРЫІУАТЭ ТЕМЭХЭР**И ЗЭЛЪЫТЭН ХУЕЙЩ. НЫТӀЭ, МЫБДЕЖЫМ МЫХЭР КЪЫХЭДГЪЭЩЫН ИУЖЬ ДИТЫНЩ.

**...**

ИПЭКӀЭ **"МИФ"** ЖЫХУЭТӀЭХЭР НЭХЪЫБЭУ ЗЫТЕУХУАР "ШЫПСЭ"ХЭРАУЭ ЖЫТӀАЩИ, ЯПЭРАУЭ, **"ШЫПСЭ"** ПСАЛЪЭМ **МАКЪЫБЗЭ**У ДЕДЖЭНЩ.

**"ШЫПСЭ"** ПСАЛЪЭМРЭ **"ПЩЫСЭ**, ПСЫСЭ" ПСАЛЪЭХЭР МЫХЬЭНЭКӀЭ ЗЭРЫЗЭПЭГЪУНЭГЪУР ГУЛЪЫТАПХЪЭЩ, -ЗЭ"**МЫХЬЭНЭГЪУ ХУЭДЭ"**УИ ЛЪЫТАПХЪЭЩ. ЗЭРЫУХУА МАКЪХЭМКӀЭ ЕДЖАПХЪЭМЭ, **"ПЩЫСЭ"** ПСАЛЪЭР **"ЩЫІЭ ГЪУНЭСУ -ПЩАЛЪЭУ- ЩЫТ"**У ЛЪЫТАПХЪЭЩ; **"ШЫПСЭ"** ПСАЛЪЭРИ **"ЩЫІЭМ КЪЫЩІЭХЪУЭМ** (ШЫ) **И ГЪУНЭС**У (ПС) **ЩЫТ"**У ЛЪЫТАПХЪЭЩ.

АДЫГЭБЗЭМ ДЭТХЭНЭ И ЗЫ ДИАЛЕКТЫР ЕЗЫМ И КӀУЭЦӀКӀЭ ЛЪЫТЭН ХУЕЙ ЩХЬЭ, ЗЫ ДИАЛЕКТЫМ И ПСАЛЪЭ ГУЭРХЭР АДРЕЙ ДИАЛЕКТХЭМИ ЩЫЗЕКӀУЭФЫНУ ЛЪЫТАПХЪЭЩ. АРАЩИ, Я ЗЭХУЭДЭ ЛЪАБЖЬЭМ КЪЫЩЫХЪУА ПСАЛЪЭ ГУЭРХЭР ЗЫ ДИАЛЕКТЫМ КЪЫХЭНАРЭ, МЫ ПСАЛЪЭМ МЫХЬЭНЭКӀЭ ПЫЩІА НЭГЪУЭЩІ ПСАЛЪЭ ГУЭРХЭРИ АДРЕЙ ЗЫ ДИАЛЕКТЫМ КЪЫХЭНАУЭ УЩЫРИХЬЭЛІЭ ХЪУНЩ; Е, ЗЫ ДИАЛЕКТЫМ КЪЫХЭНА ПСАЛЪЭМ МЫХЬЭНЭКӀЭ ПЫЩІАР АДРЕЙ ЗЫ ДИАЛЕКТЫМ ИУЖЬКӀЭ КЪИГЪЭЩІЫЖЫН. ИКӀИ, ЗЫ ДИАЛЕКТЫМ КЪЫХЭНА ПСАЛЪЭ ГУЭРХЭР ХУИТУ АДРЕЙ ДИАЛЕКТХЭМИ ХУИТУ ЩЫЗЭРЕКӀУАПХЪЭРИ ГУРЫІУЭГЪУЭНЩ.

ДАУИ, КЪЭБЭРДЕИБЗЭМИ ЩЫЗЕКІУЭ **″ШЫПСЭ″** ПСАЛЪЭР **ШАПСЫГЪЫБЗЭ**М И **″ГУШЫПСЭН″** ГЛАГОЛЫМ ТЕУХУАУЭ ЖЫІЭПХЪЭЩ; ИКІИ, МЫ ГЛАГОЛЫМ МЫХЬЭНЭКІЭ ПЫЩІАУЭ **КЪЭБЭРДЕИБЗЭ**М ХИУБЫДЭР **″ГУПЩЫСЭН″** ГЛАГОЛЫРЩ. Я МЫХЬЭНЭРИ МАЩІЭУ ЗЭЩХЬЭЩЫКІУ ЛЪЫТАПХЪЭЩИ, МЫ ГЛАГОЛИТІЫР Я МЫХЬЭНЭКІЭ ЗЭПЫЩІАУЭ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭРИ ГУРЫІУЭГЪУЭЩИ, ГЛАГОЛ Е АБЫ КЪЫТЕХЪУКІА ПСАЛЪЭХЭР МЫ ДИАЛЕКТХЭМ ЩЫЗЭРЫЗЕКІУЭФЫНУРИ ЖЫІЭПХЪЭНЩ.

АРАЩИ, МЫ ГЛАГОЛХЭМ Я МЫХЬЭНЭХЭР ЗЭРЫЗЭПЭГЪУНЭГЪУРЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКІМИ ДЕПЛЪЫНЩ: **″ГУПЩЫСЭН,** ГУПСЫСЭН″ ГЛАГОЛ МЫХЬЭНЭР **″РЕФЛЕКЦИЕ, ТЕФЕККУР″** ЛІЭУЖЬЫГЪУЭУ -ФРАНСЫБЗЭ **″ПАНСЕ**(Р) (PENCER)″ ГЛАГОЛЫМ И МЫХЬЭНЭГЪУУ- ЛЪЫТАПХЪЭМЭ, **″ГУШЫПСЭН″**ЫР **″ИМАЈИНЕ**(Р) (IMAGINER)″ -ИМИДЖИНГ- ГЛАГОЛ МЫХЬЭНЭГЪУУ, **″ТЭХЬЭЙЙУЛ″** ЛІЭУЖЬЫГЪУЭУ ЛЪЫТАПХЪЭЩ.

*

ДЭ ЗИ ЦІЫКІУЩХЬЭМ ШЫПСЭ ЕДЭІУА ИУЖЬРЕЙ ГЕНЕРАЦЭУ КЪЫЩІЭКІЫНЩ.

ИУЖЬКІЭ, -ЗИ МЫХЪУМИ ИЛЪЭСЫМ ЗЭ-ТІУЭ- АЛЫДЖ МИФОЛОГИЕМ ЗЕСТУ СЕДЖЭУ СЫЩЫТАЩ, АУЭ, АПЩЫГЪУЭХЭМ АДЫГЭ МИФОЛОГИЕМ ТЕУХУАУЭ ЗЫРИ СЩІЭТЭКЪЫМ. ИКІИ, СИ ЦІЫКІУЩХЬЭМ СЫЗЭДЭІУА ШЫПСЭХЭР АДЫГЭ МИФ ЛІЭУЖЬЫГЪУЭУ ЗЭРЫЩЫТЫНУРИ СИГУ КЪЭКІЫХХЭТЭКЪЫМ.

АДЫГЭБЗЭ АЛФАВИТЫМ СИКІА НЭУЖЬ, СЕДЖЭНУ ЯПЭУ КЪЭСЩТАРИ **КЪЭБЭРДЕЙ**М КЪЫЩЫДЭКІАУЭ ЩЫТА **″НАРТХЭР″** ТХЫЛЪРАТ. СЕДЖЭУ ЩЫЩІЭЗДЗЭМ ІУЭРЫІУАТЭХЭМ Я ТЕМЭРЭ МОТИВХЭМ СЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭМ ГУ ЛЪЫСТАЩ.

НЫТІЭ, МЫБДЕЖЫМ МЫПХУЭДЭ ЗЫ ІУЭРЫІУАТЭМ ″МИФ″ ЛІЭУЖЬЫГЪУЭУ ЩЫГЪУАЗЭ ДЫХУЭХЪУН ИУЖЬ ДИТЫНЩ.

ЯПЭРАУЭ АР КІЭЩІЫУ КЪЭСІУЭТЭН ХУЕЙЩИ, -″НАРХЭР″ ТХЫЛЪЫМ ИТ ТЕКСТЫМ СИГУ КЪИГЪЭКІЫЖАМИ-, МЫ КЪЭСІУЭТЭНУР НЭХЪЫБЭУ СИ ЦІЫКІУЩХЬЭМ СЫЗЭДЭІУАУЭ ЩЫТА ШЫПСЭРАУЭ ЖЫІЭПХЪЭЩ. ДАУИ, **″ІУЭРЫІУАТЭ″**ХЭР ЗЭМЫЛІЭУЖЬЫГЪУЭ **ВАРИАНТ**ХЭРЩИ, МЫБДЕЖЫМ КІЭЩІЫУ КЪЫЩЫСІУЭТЭНУР СИ ЦІЫКІУЩХЬЭМ СЫЗЭДЭІУА ШЫПСЭМРЭ

″НАРТХЭР″ ТХЫЛЪЫМ ИТ ВАРИАНТЫМ КЪЫТЕХЪУКӀА **ЕЩАНЭ ВАРИАНТ**УИ ЛЪЫТАПХЪЭНЩ.

**…**

НЫТӀЭ,

**″ХУЕЖЬЭРЭ ХУЕЖЬЭРЭТ ЖИ″**!

НАРТХЭМ ЗЫ **ДЫЩЭ ЖЫГ** ЯӀЭТИ, МЫ ЖЫГЫМ ГЪЭ КЪЭС ЗЫ МЫӀЭРЫСЭ КЪЫПЫКӀЭТ ЖИ. АУЭРЭ КЪЕКӀУЭКӀЫУ, МЫ МЫӀЭРЫСЭР ГЪЭ КЪЭС ЯДЫГЪУУ ЗЭРЫЩӀАДЗАМ ГУ ЛЪАТЭ НАРТХЭМИ, ″МЫР ЗЫДЫГЪУР КЪЭТЩӀЭНКЪЭ″ ЖАӀЭРИ НАРТХЭМ Я ЖЫГЫР ЯХЪУМЭУ ЩӀАДЗЭ.

ЖЫГ ХЪУМЭНЫР ЗЭШИТӀЫМ КЪЫЩЫЛЪЫСЫМ, **ДЫЩЭ МЫӀЭРЫС**ЭР ЖЫГЫМ КЪЫПЫТӀЫСХЬА ЗЫ **ТХЬЭРЫКЪУ**ЭМ ЗЭРИХЬЫМ ГУЛЪЫТЭ ХУАЩӀ. ЗЭШИТЫР ТХЬЭРЫКЪУЭМ КӀЭЛЪЫЖЭ КӀЭЛЪЫУЭУ ЩӀЕДЗЭ. ИКӀИ, ЗЫМ И ШАБЗЭШЭМ ТХЬЭРЫКЪУЭР ЗЭРИУӀАМ ГУ ЛЪАТЭ.

ЗЫУӀА КЪУЭШЫМ ТХЬЭРЫКЪУЭМ КЪЫПЫТКӀУХА ЛЪЫР ЗЫ ХЪЫДАНКӀЭ КЪИЛЪЭЩӀЫУ И ЖЫПЫМ ИРЕЛЪХЬЭРИ, УӀЭГЪЭР ГЪЭХЪУЖЫН ГУГЪЭРИ ЯӀЭУ ТХЬЭРЫКЪУЭМ ИУЖЬ ЙОХЬЭХЭР. КӀУЭМЭ ЛЪЕЙРЭ КӀУЭМЭ ЛЪЕЙУРЭ, ХЫ ӀУФЭМ НЭСАУЭ, ТХЬЭРЫКЪУЭМ ХЫМ ЗЫХИДЗЭУ ЗЫРЫЗИГЪЭКӀУЭДАР ЯЛЪАГЪУ.

ХЫМ КЪЫЩЫХЭМЫКӀЫЖЫХХЭМ, ″ЗЫУӀАР СЭРАЩИ, АР ЗЫДЭКӀУЭР ЗЭЗГЪЭЩӀЭНЩ; ЗЭРЫХЪУЖЫН ЛЪЫРИ ХУЭСХЬЫНЩ; УЭ МЫБДЕЖЫМ КЪЫЗЭЖЬЭ″ ЖИӀЭУ ТХЬЭРЫКЪУЭР ЗЫУӀА КЪУЭШМИ ХЫМ ЗЫХЕДЗЭ. ХЫ ЩӀАГЪЫР КЪЫЗЭПИПЛЪЫХЬУ ЕСЭРЭ ЕСЭУРЭ ЗЫ **ХЫ ЩӀАГЪ УНЭ**М НОС.

ЕУЭРЭ БЖЭМ ЩЫТЕУӀУЭМ, ГУФӀЫПСЫЖУ БЖЭР ЗЫӀУЗЫХ ЗЫ ТХЬЭӀУЭХУДЫМ ″ДЭРИ УЭ ДЫНЫУОЖЬЭТ″ ЖЕӀЭРИ ХЬЭЩӀЭР УНЭМ ИРЕГЪЭБЛАГЪЭ. УНЭМ ЩЫЩӀЭХЬЭМ И ФЭР ПЫКӀАУЭ ПӀЭМ ХЭЛЪ ХЪЫДЖЭБЗ ДАХЭР ЩИЛЪАГЪУМ, КЪИХЬА ЛЪЫР ЗЕЙР АРАУЭ ЗЭРЫЩЫТЫР КЪЫГУРОӀУЭ. ЛЪЫР И УӀЭГЪЭМ ЩЫЩАХУЭМ ХЪЫДЖЭБЗЫМ ИФЭР КЪЫПОЫХЬЭЖРИ КЪЫЗЭФӀЮТӀЫСХЬЭЖ.

ЗЭБЛЭГЪА УНЭМ ЗЫМ НЭХЪРЭ ЗЫР НЭХЪ ДАХЭ ЗЭШЫПХЪУИБЛЫМ Я НЭХЪЫЖЬЫР КЪЭПСАЛЪЭУ ″ТӀЭКӀУ ЩӀЭМЭ, ДИ ДЭЛЪХУРИ КЪЫЩӀЭХЬЭЖЫНЩ″ ЖИӀА КЪУДЕУЭ УНЭМ КЪЫЩӀЭЛЪЭТА ЗЫ

ТХЬЭРЫКЪУЭМ ЖЬЭХЭФЭГУМ ЗЫЩЕУТХЫПЩӀРИ ЗЫ ЩӀАЛЭ ЗЭКӀУЖУ УТЫКУ КЪОХЬЭ.

ФӀЭХЪУСРЭ ЩӀЭУПЩӀЭ НЭУЖЬ, ӀЭНЭ КЪЫЩАХЬЭУ ЕФЭ ЕШХИ ЯЩӀ; ИТӀАНЭ, МАХУЭР ЗЭРЫХЭКӀУЭТАМ ГУ ЗЫХУЭЗЫЛЪЫТА ХЬЭЩӀЭМ ″НЫТӀЭ ХУИТ СЫКЪЭФЩӀМЭ, СЭ СЕЖЬЭЖЫНЩ″ ЖИ.

ЗЭШЫПХЪУИБЛЫМ Я ДЭЛЪХУР КЪЭПСАЛЪЭУ, **″ПСАТХЬЭ**М ХУИТ КЪИЩӀМЭ, СИ ШЫПХЪУИБЛЫМ ЗЫР ЩХЬЭГЪУСЭУ НАРТ ЩӀЫНАЛЪЭМ ПШЭЖЫНКЪЭ″ ЩЫЖИӀЭМ, ″НЫТӀЭ, СЫУӀАР ЩХЬЭГЪУСЭ СХУЭХЪУНЩ″ ЖЕӀЭР ХЬЭЩӀЭМИ, -ИКӀИ ИГЪЭХЪУЖЬА- ХЪЫДЖЭБЗЫР И ГЪУСЭУ ЙОУЭРИ НАРТ ЩӀЫНАЛЪЭМ КЪАГЪЭЗЭЖ.

МЫР НАРТХЭМИ Я ГУАПЭУ, ЗЭХАУБЛА ДЖЭГУШХУЭР ЖЭЩИБЛ-МЭХУИБЛЭКӀИ ИРАГЪЭКӀУЭКӀРИ, НАРТ ЩӀЫНАЛЪЭМ ЗЫГЪЭЗЭЖА ЗЭЩХЬЭГЪУСЭХЭРИ **ПСЭУУЭ ТХЪЭЖУ КЪЭНЭЖАЩ ЖИ**.

**...**

НЫТӀЭ, МЫ ШЫПСЭМ ″МИФ″ ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭУ КЪЫХЭЩХЭМ ГУЛЪЫТЭ ХУЭТЩӀЫНЩ:

- ЯПЭРАУЭ, ШЫПСЭМ ХЭТ **″НАРТХЭМ Я ЖЫГ″**ЫР **″НАРТ ЛЪЭПКЪ – НАРТ ЖЫЛЭ″** ЖЫХУИӀЭРАУЭ ЛЪЫТАПХЪЭЩ; НАРТ ЖЫГЫМ КЪЫПЫКӀЭ **″МЫӀЭРЫСЭ″**РИ **″НАРТ** ЛЪЭПКЪЫМ КЪИГЪЭЩӀ НАРТ **ХАБЗЭРЭ ЩӀЭИН″**У ЖЫӀЭПХЪЭЩ; **″ДЫЩЭ″**РИ **″ПЩӀЭРЭ ЛЪЭПӀАГЪ″** ЗИӀЭРЩ. НЫТӀЭ, ″НАРТХЭМ Я ДЫЩЭ ЖЫГЫМ ГЪЭ КЪЭС КЪЫПЫКӀЭ ДЫЩЭ МЫӀЭРЫСЭ″Р ″НАРТ ЛЪЭПКЪЫМ КЪИЛЭЖЬУ УТЫКУ КЪЫРИГЪЭХЬЭ ЩӀЭИНРЭ ХАБЗЭ ЛЪАПӀЭ″ ЖЫХУИӀЭРАУЭ ЛЪЫТАПХЪЭЩ.

- ТХЬЭРЫКЪУЭР КЪЫЗДЭКӀУАРЭ ЗЫДЭКӀУЭЖЫМ ИКӀИ ″ХЫ ЩӀАГЪ УНЭ″М КЪЫЩЕКӀУЭКӀ ДИАЛОГХЭМ ГУРЫӀУЭГЪУЭ КЪЫТХУАЩӀЫР **″ХЫ ЩӀАГЪ УНЭМ ЩЫПСЭУ″**ХЭМРЭ **″НАРТ″**ХЭМ **ЗЭПЫЩӀЭНЫГЪЭ** – БЛАГЪАГЪЭ- ЗЭРЫЗЫХУАӀЭРАЩ.

- АРАЩ ИКӀИИ, **НАРТ ЩӀЫНАЛЪЭМ** ЗЫГУЭРКӀЭ **ИКӀАРЭ ХЫ ЩӀАГЪ**ЫМ **КӀУАХЭМ Я ГУР НАРТХЭМ ХУЭГЪЭЗА**УЭ ЩЫТРЭ, **НАРТ ХАБЗЭРЭ ЩӀЭИН ЗЫХУЭНЫКЪУ**ЭХЭРЩИ, МЫРИ **″НАРТ ЖЫГ ДЫЩЭ МЫӀЭРЫСЭР ЗЭРАДЫГЪУ – ЗЭРАХЬ″**ЫМ ГУРЫӀУЭГЪУЭ КЪЫТХУЕЩӀЫР.

- НАРТ ЩIЫНАЛЪЭМ **КЪАГЪЭЗЭЖЫН ГУГЪЭ ЯIЭРЭ ЕЖЬЭУ** ЗЭРЫЩЫТХЭРИ ″ХЫ ЩIАГЪ УНЭ″М ЩЫПСЭУ ДЭЛЪХУМ **И ШЫПХЪУР** НАРТ ЩIЫНАЛЪЭМ **ЗЫГЪЭЗЭЖЫНУ ХЬЭЩIЭМ ЩХЬЭГЪУСЭ** ЗЭРЫХУИЩIЫМ КЪЕГЪЭЛЪАГЪУЭР.

- **″ТХЬЭРЫКЪУЭ″**Р –И ЦIЭМИ ГУРЫIУЭГЪУЭ КЪЫЗЭРЫТХИУЩIЫУ- ПСЭ КЪАБЗАГЪЭРЭ ДЭХАГЪЭКIЭ **ДЫЗЫТХЬЭКЪУ**У ЛЪАГЪУГЪУАФIЭ БЗУ ЛЪЭПКЪЩИ, **ЦIЫКIУ**РЭ **ИГЪУЭНЭМЫС**У ЛIАХЭР **БЗУ ЦIЫКIУ**РЭ **ТХЬЭРЫКЪУЭ**У –ТХЬЭРЫКЪУЭ ХУЖЬУ- ХЭХЬЭЖАУЭ ЗЭРАЛЪЫТЭРИ ДИГУ КЪЭДГЪЭКIЫЖЫНЩ. НЫТIЭ, **ХЫ ЩIАГЪ**ЫР **ЗИ ХЭЩIАПIЭ**ХЭР **″ТХЬЭРЫКЪУЭ″**У МЫ ЗЭРЫЛЪЫТЭР АХЭР ГЪАЩIЭМ **ИГЪУЭНЭМЫС**У ЗЭРЫХЭКIЫЖАХЭМ ТЕУХУАУЭ ЛЪЫТАПХЪЭЩ.

- АРАЩИ, **″ХЫ ЩIАГЪ УНЭ″**М ЩЫПСЭУУЭ ШЫПСЭМ ГУРЫIУЭГЪУЭ КЪЫТХУИЩIЫР **НАРТ** ЩIЫНАЛЪЭМ ЩЫЩУ А **ХЫМ ХЭКIУЭДАХЭР**АЩ – ХЫ ЩIАГЪЫМ КIУАХЭРЩ. АУЭ ИКIИ, ЗЫДЭКIУАРЭ ЛЪАХЭ ЯХУЭХЪУА **ХЫМ КЪЫХЭКI**ЫНЫР **-НАРТ ЩIЫНАЛЪЭМ КЪЭГЪЭЗЭЖЫН**ЫР- ″**ПСАТХЬЭ**″М **И IЭ ИЛЪ**У ЗЭРЫЩЫТЫР ШЫПСЭМ КЪЫЗЭРЫХЭЩРИ ГЪЭЩIЭГЪУЭНЩ. - **ЛIАР ГЪАЩIЭМ КЪЫТЕХЬЭЖЫН**КIЭ ХУИТЫР **ТХЬЭ**РАУЭ –**ПСАЛЪТХЬЭ**РАУЭ- ЗЭРЫЩЫТЫУР ГУРЫIУЭГЪУЭНЩИ, МЫРИ **РЕЕНКАРНАЦЭ** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ **КЪУАПЭ**УИ ЛЪЫТАПХЪЭНЩ.

**…**

НЫТIЭ ИКIИ:

- ШЫПСЭМ КЪЫХЭЩ **″ХЫ ЩIАГЪ УНЭ″**ХЭР ЗЫДЭЩЫIЭ **ХЫ**Р **НАРТ ЩIЫНАЛЪЭ**Р ЗИ **НЫДЖЭ**У ЗЭРЫЩЫТЫНУР ЖЫIЭПХЪЭЩИ, **АДЫГЭ**М ЕЗЫМ И **ХЭГЪЭГУР** ЗЭРИЛЪЫТЭ **″ХЭКУ″** ПСАЛЪЭРИ **″ХЫ ЗЭХУАКУ″** (″ХЫ-Э-КУ″ → ″ХЭ-КУ″) ЗИ МЫХЬЭНЭ ЦIЭ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭРИ ГУРЫIУЭГЪУЭЩ.

- АДЫГЭ ШЫПСЭ КУЭДМИ КЪЫЗЭРЫХЭЩУ, МЫ ШЫПСЭРИ ЗЫТЕУХУАУЭ ЛЪЫТАПХЪЭ ХЫР АДЫГЭМ ″АХЫН″УИ ИЛЪЫТА ″ХЫ ФIЫЦIЭ″РАУЭ ЖЫIЭПХЪЭЩ. **″АХЫН″** ПСАЛЪЭМИ ЕДЖАПХЪЭМЭ, ИЖЬ ИЖЬЫЖ ЛЪАНДЭРЭ (А) ″ХЫ ХЪУПХЪЭ″ (ХЫН) -″ПОТЕНЦИАЛ ХЫ″- МЫХЬЭНЭ ЗИIЭУ ЛЪЫТАПХЪЭЩ.

- ИКIИ, МЫ ЗЭРЕДЖАПХЪЭУ **″ХЫ ПЭЛЪЫТЭ″**У ЗЫ **″ПСЫ ХЪУРЕИШХУЭ″**У –″ГУЭЛ″У- ЩЫТАУЭЩ **″АХЫН″**ЫР ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭРИ,

ЩІЭНЫГЪЭМ ЗЭРИЛЪЫТЭРИ МЫПХУЭДЭЩ. АРАЩИ, ДУНЕЙМ И ПСЫХЭР - ХЫХЭР- БАГЪУЭУ ЩЫДЭКІУЕЯ ЗЫ ЗЭМАНЫГЪУЭМ **БОСФОР** –ИСТАНБЫЛ ІУФЭ ХЫ ГЪУЭГУ- ЛЪАГЪУЭМКІЭ КЪИЗЭРЫГУЭУ ХЫПСЫШХУЭМКІЭ ″АХЫН ПСЫ ХЪУРЕЙ″Р **″ХЫ ХУЖЬ″**ЫМ ПЫЩІА ЗЫ **ХЫ** ЗЭРЫХЪУАРАЩ НОБЭРЕЙ ЩІЭНЫГЪЭМ ЗЭРИЛЪЫТЭР.

- НЫТІЭ, МЫПХУЭДЭУ УТЫКУ КЪИХЬА НОБЭРЕЙ **″ХЫ ФІЫЦІЭ″** ЖЫХУАІЭМ **НАРТ ЩІЫНАЛЪЭ ГЪУН**ЭХЭР ЩІИУФЭУ ЗЭРЫХИУБЫДАР ГУРЫІУЭГЪУЭНЩИ, ЗИ ГУГЪУ ТЩІА **ШЫПСЭР** НАРТ ЩІЫНАЛЪЭМ КЪИЗЭРЫГУА **ХЫМ ХЭКІУЭДА**ХЭМ ЗЭРЫ**ТЕУХУ**А**РИ ГУРЫІУЭГЪУЭЩ.

**...**

ДАУИ, НАРТХЭМ Я ЩХЬЭ КЪЫРИКІУА МЫ КЪЭХЪУ-КЪЭЩІЫГЪУЭ ГУАУЭМ КЪЫТЕХЪУКІАУЭ ЛЪЫТАПХЪЭЩ МЫ ЗИ ГУГЪУ ТЩІА ШЫПСЭРИ, - **ЦІЫХУМ И ЩХЬЭМ КЪЫРИКІУ**ЭХЭМ ТЕУХУАУЭ, ИУЖЬРЕЙ **″МИФ″** ЛІЭУЖЫЫГЪУЭХЭМ ЩЫЩМИ, **″МИФ″**У **ЩАПХЪЭФІ**ХЭМ ЯЩЫЩУИ ЛЪЫТАПХЪЭЩ.

АРАЩИ, **″МИФ″** ЖЫХУАІЭМ И ТЕПЛЪЭРЭ **ЩІЫКІ**ЭХЭМ ЩЫЩХЭР ЗЫХЭПЛЪАГЪУЭРЩИ, **(1)** КЪЭХЪУ-КЪЭЩІАР **СИМВОЛ**КІЭРЭ **КЪЭІУЭТЭН**; **(2)** КЪЭХЪУ-КЪЭЩІАРЭ УИ БЛЭКІАР **ЩЫМЫГЪЭГЪУПЩЭН** КЪАЛЭН ГЪЭЗЭЩІЭН; **(3)** ″ЛІАМ КІЭЛЪЫКІУЭЖХЭКЪЫМ″ ЗЭРЫЖАІЭУ, **ГЪАЩІЭР ІЭФІ**ЫУ ЗЭРЫЩЫТРЭ ИКІИ ЗЭРЫАНЭХЪЛЪАПЭР ГУРЫІУЭГЪУЭ ЩІЫНРЭ, ИКІИ **(4)** ГЪАЩІЭМ ХЭТУ КЪЭНАХЭМ Я ПСЭР **ЛІАХЭМ ТЕУХУАУЭ ГЪЭТЫНШЫН**; НЭМЫЩІХЭРИ... ЗЫХЭЗЫУБЫДЭУ, **″МИФОЛОГИЕ″ ЩАПХЪЭФІ**Щ МЫ КЪЭТІУЭТА ШЫПСЭР.

АРГУЭРУ КЪЫПЫЩАПХЪЭМЭ, **ИСТАМБЫЛАКІУЭ**МИ **″ХЫ ФІЫЦІЭ″**М **АДЫГЭ** КУЭД ЗЭРЫ**ХЭКІУЭДА**Р ГУРЫІУЭГЪУЭЩ, ИКІИ, ХЭХЭС ХЪУА АДЫГЭХЭМ ХУЭДЭЖУ ХЭКУМ КЪИНА АДЫГЭХЭМИ **БДЗЭЖЬЕЙ МЫШ ХАБЗЭ** ЗЭРАІЭР ГУРЫІУЭГЪУЭЩ. НЫТІЭ, МЫ ХАБЗЭР ИСТАМБЫЛАКІУЭМ ТЕУХУАУЭ КЪЕЖЬА(?), ХЬЭМЭРЭ, МЫБЫ **ИПЭКІИ** АДЫГЭХЭМ ″ХЫ ФІЫЦІЭ″М ТЕУХУАУЭ **БДЗЭЖЬЕЙ МЫШХ ХАБЗЭ** ЯІЭУ КЪЭГЪУЭГУРЫКІУЭУ ЩЫТАУ ПІЭРЭ? - СЭ СИ ЩХЬЭКІЭ СЩІЭКЪЫМ!

АУЭ, МЫ КЪЭТІУЭТА **ШЫПСЭР** КЪЫЗЫТЕХЪУКІА **ГУЭУЭШХУЭ НЭУЖЬ**ЫМ **НАРТ**ХЭМИ **БДЗЭЖЬЕЙ МЫШХ ХАБЗЭ** ЯХУЭУ**ХУ**АУЭ ЗЭРЫЩЫТАГЪЭНУРИ ГУРЫІУЭГЪУЭЩ.

**...**

КЪЭТIУЭТА ШЫПСЭР ЗЫТЕУХУАРЭ АДЫГЭ ЦIЫХУ КУЭД ЗЫХЭКIУЭДА МЫ ″ХЫ″Р НОБЭ ДУНЕЙПСОМ **″ХЫ ФIЫЦIЭ″**У ЗЭРАЛЪЫТЭМИ ПСЭЛЪИТI-ЩЫ ТЕЖЫIЫХЬЫПХЪЭЩ.

ЯПЭРАУЭ, АДЫГЭБЗЭМ И **″ФIЫЦIЭ″** ПСАЛЪЭМ И МЫХЬЭНЭР **″ФIЫМ ХЭДЗЫКI**″РЭ **″ФIЫР ЩЫКIУЭД″**У (ЦI) ЩЫТРАУЭ ЛЪЫТАПХЪЭЩ; **″КIЫФI″** ПСАЛЪЭМИ **″ЗИ ИКIЭР ФIЫ″**РЭ **″ФIЫ УХЫПIЭ″** (КIЫ, КIЭ) МЫХЬЭНЭ ИIЭУ ЛЪЫТАПХЪЭЩ. ТЕПЛЪЭРЭ ПЛЪЫФЭ ЗИIЭРЭ НАХУЭУ ЩЫТРАЩ **ФIЫ**ГЪУЭУ ЛЪЫТАПХЪЭРИ, ПЛЪЫФЭРЭ ТЕПЛЪЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРИ **НЭХУ**ГЪЭКIЭРЭЩ: **ТЕПЛЪЭРЭ ПЛЪЫФЭУ МЫЛЪЫТ**ЭРЭ, ЗЭРЫЛЪЫТЭНУ **НЭХУ ЗЫДЭЩЫМЫI**ЭР **ФIЫКЪЫМ**. АРАЩИ, **ПЛЪЫФЭ** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ **″ФIЫЦIЭ″**Р ПЛЪЫФЭ УХЫПIЭУ ЗЭРЫЩЫТКIЭ **МЫПЛЪ**ЫРЩ; МЫПЛЪМИ ТЕПЛЪЭРЭ ФЭ ИIЭНКЪЫМИ, ПЛЪЫФЭУИ ЛЪЫТЭНКЪЫМ. **″КIЫФI″**РИ **НЭХУ** ЗЫДЭЩЫМЫIЭРЭ **ЩЫУХ**ЫРЩ –НЭХУ ЗЫДЫЩЫМЫIЭМ ПЛЪЫНРЭ ТЕПЛЪЭ ИКIИ ЛЪАГЪУН IУЭХУГЪУЭ КЪЫЩЫХЪУНКЪЫМ-.

АДЫГЭБЗЭУ ЗЭРЫУХУА МАКЪКIЭРЭ МЫ ГУРЫIУЭГЪУЭ КЪЫЗЭРЫТХУЭХЪУАМ ХУЭДЭУ ЖЫIЭПХЪЭЩ **ФIЫЦI**ЭРЭ **КIЫФI**ЫР **ЩIЭНЫГЪЭ**УИ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭР. ИКIИ, **МЫХЪУНЫГЪЭ** -НЕГАТИВ-ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУЩ ″ФIЫЦIЭ″РЭ ″КIЫФ″ЫР **ГЪУАЗДЖЭ** –АРТ/ИСКУСТВЭ-ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭМИ ЩЫЗЭРЫЗЕКIУЭР. ЦIЫХУМ **ФIЫЦI**ЭРЭ **КIЫФI** ЗЭРЫЗЫХИЩIЭРЭ **ЭФФЕКТ**У КЪЫРИТРИ МЫПХУЭДЭЩ.

**ГЪАЩIЭМ ИКI**ЭРЭ И **УХЫПI**ЭУ ЩЫТ **ЛIЭНЫГЪЭ**Р ЦIЫХУМ ЗЭРИЛЪЫТЭРИ **МЫФI**ЫУ ЗЭРЫЩЫТЫР ГУРЫIУЭГЪУЭНЩИ, ИКIИ **ФIЫЦIАГЪЭ**РЭ **КIЫФIЫГЪЭ**УЩ. АДЫГЭБЗЭРИ ХЭТЫЖУ БЗЭ КУЭДЫМ **ЛIАР ЗЫДЭКIУЭР КIЫФIАГЪ**РЭ, **ЗЫЩIАЛЪХЬЭ ЩIЫР**И **″ЩIЫ ФIЫЦIЭ″**УЩ ЗЭРАЛЪЫТЭР. ЛЪЭПКЪ НЭХЪЫБЭМ ЛIАР ЩIЫМ ЩIЭЛЪХЬЭН ХАБЗЭ ЗЭРАIЭР ГУРЫIУЭГЪУЭЩ; АУЭ, ЩIЫМ ЩIАМЫЛЪХЬЭМИ, **ЛIА**ХЭР ЗЫДЭКIУЭР **КIЫФIАГЪЭРЭ ФIЫЦIАГЪЭ**У ЗЭРЫЩЫТЫР ЖЫТIАГЪЭХХЭЩИ, КЪЭТIУЭТА ШЫПСЭР ЗЫТЕУХУА ГУЭУЭШХУЭУ, И **ЦIЫХУ**ХЭР **ЗЫХЭКIУЭДА**РЭ АБЫХЭМ КХЪЭ ЯХУЭХЪУА А **ХЫ**РИ **″ХЫ ФIЫЦIЭ″**У ЯЛЪЫТЭНТЭКЪЭ: ЗЫЩIАЛЪХЬЭ ЩIЫР **″ЩIЫ ФIЫЦIЭ″**У ЗЭРЫЛЪЫТЭМ ХУЭДЭУ ЗЫХЭКIУЭДА ХЫРИ **″ХЫ ФIЫЦIЭ**″У ЯЛЪЫТЭНЫР ИГЪУЭТЭКЪЭ...

ЗИ ГУГЪУ ТЩIЫ ХЫМ **″ХЫ ФIЫЦIЭ″** ЦIЭР **ЕЗЫТА**М УЩЫЛЪЫХЪУЭМ ДЕЖ, АР ТЫРКУХЭМ, СКИФХЭМ, НЭГЪУЭЩI ЛЪЭПКЪХЭМ ЗЭРАЛЪЫТА

ЩІЫКІЭМ КЪЫЗЭРЫТЕХЪУКІАМ УЗРИХЬЭЛІЭМ НЭМЫЩІ, ХЫМ И ЛЪАБЖЬЭР ЯТІЭ ФІЫЦІЭУ ЗЭРЫЩЫТЫМ Е И КЛИМАТЫМ КЪЫЗЭРЫТЕХЪУКІАРАУЭЩ УЗРИХЬЭЛІЭХЭР. АУЭ, ″ХЫ ФІЫЦІЭ″У ЛЪЫТА ЗЭРЫХЪУАМ ТЕУХУАУЭ **АДЫГ**ЭМ И **ЦІЭ** КЪЫРАІУЭУ **УРИХЬЭЛІЭХХЭКЪЫМ**.

АРАЩИ, ЩЫІЭГЪУЭ УЖЬЫГЪУЭМ КЪИГЪЭЩІА МАКЪХЭМКІЭРЭ УХУАРЭ ЩЫІЭГЪУЭРЭ ЗЭРЫЗЕКІУЭР ЗЫЛЪЫТЭ АДЫГЭБЗЭМ ТЕУХУАУЭ ДЭГУЩ ЦІЫХУГЪЭР. ЕЗЫ АДЫГЭР МЫПХУЭДЭ И БЗЭМ ТЕУХУАУЭ ТХЬЭКІУМЭ ЖЬАЖЬЭЩ НОБИ, И ЩІЭБЛЭРИ АДЫГЭБЗЭКІЭ БЗЭМЫІУЩ, ДЭГУХХЭЩ.

ДАУИ, МЫ КЪЭТІУЭТАХЭМИ ГУРЫІУЭГЪУЭ КЪЫЗЭРЫТХУИЩІЩИ, МЫ **ХЫ**Р **″ФІЫЦІЭ″**У ЛЪЫТЭНЫР НЭХЪ ЗЫХУЭИГЪУЭХЭР АБЫ **ХЭКІУЭДА**ХЭР **ЗИ ЛЪЭПКЪЭГЪУ**ХЭРАЩ. ИКІИ, **АДЫГЭ**М –КЪЭТІУЭТА ШЫПСЭРИ ЗЫТЕУХУАРИ ХЭТЫЖУ- **МЫ ХЫ**Р А НЭХЪ МАЩІЭУ **ТІЭУ ФІЫЦІ**ЭУ ИЛЪЫТАГЪЭНЩИ, **″ХЫ ФІЫЦІЭ″**Р АДЫГЭМ ДЕЖКІЭ **ТІЭУНЕЙ**РЭ **ФІЫЦІ**ЭЩ.

*

МЫ ИПЭКІЭ КЪЭТІУЭТАРЭ ЗЫТЕУХУАРИ НАІУЭ КЪЫТХУЭХЪУА **ШЫПСЭР** А ЗЭРЫЩЫТУ ЗЫ **″МИФ″ ЗЭПЭЩ**Щ. КЪЫЗЫТЕХЪУКІАР ГУРЫІУЭГЪУЭ КЪЫТХУЭХЪУАРЭ ЗЭРЫХЪУНИ ХЪУА ″МИФ″ ЛІЭУЖЬЫГЪУЭУ ЗЭПКЪЫРЫУВА ЗЫ ШЫПСЭЩ ЗИ ГУГЪУ ТЩІАРИ, АР МЫ ЗЭРЫУХУА ЩІЫКІЭУ ХЭЛЪХЬЭНРЭ ХЭГЪЭЩІЫН ЗИМЫІЭУ ЗЫ **″МИФ″ ПСО**Щ.

МЫПХУЭДЭ ЩЫТМИ, ІУЭРЫІУЭТЭЖУ ЩЫЗЕКІУЭМ ИУЖЬЫІУЭ ЗЭМАНЫГЪУЭХЭМ, Е, ІУЭРЫІУАТЭХЭР ЩЫЗЭХУЭХЬЭСРЭ ТЫРАДЗЭНУ ЩАГЪЭХЬЭЗЫРЫМ НЭГЪУЭЩІ ІУЭРЫІУАТЭ КІАПІЭРЭ МОТИВХЭРИ КЪЫХЭХЬАГЪЭНУ ЗЭРЫЩЫТРАЩ ИПЭКІЭ КЪЭТІУЭТА **ШЫПС**ЭМ И **ВАНИАНТ**У **″НАРТХЭР″** ТХЫЛЪЫМ ХИУБЫДЭ **ІУЭРЫІУАТЭ ТЕКСТ**ЫМ ГУРЫІУЭГЪУЭ КЪЫТХУИЩІЫР.

ДАУИ, КЪЭТІУЭТА **ШЫПС**ЭМРЭ АБЫ КЪЫПЫЩЭУ МЫБДЕЖЫМ ЗИ ГУГЪУ ТЩІЫНУ МЫ **ІУЭРЫІУАТЭ** КІАПЭР ТЕМАТИКЭУ **ЗЭЩХЬЭЩЫКІ**РЭ ЗЫМ АДРЕЙР ХУЭМЫНЫКЪУЭУ, ЩХЬЭХУЭ ЩХЬЭХУЭ **″МИФ″** ЛІЭУЖЬЫГЪУЭХЭРЩ.

МЫБДЕЖЫМ ЗИ ГУГЪУ ТЩІЫНУР **″ЗЭТІУОЛЪХУЭНЫКЪУЭ″** ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ **″МИФ″**У ЛЪЫТАПХЪЭЩ. НЭГЪУЭЩІ ЛЪЭПКЪ ІУЭРЫІУАТЭХЭМИ УЩЫХУОЗЭР ″ЗЭТІОЛЪХУЭНЫКЪУЭ МИФ″ХЭМИ,

МЫПХУЭДЭХЭРИ **МЫХЪУНЫГЪЭ "МИФ"** ЛIЭУЖЫЫГЪУЭХЭУ ЛЪЫТАПХЪЭЩ. МЫХЪУНЫГЪЭРЭ МЫФIЫУ ЩIЭЛЪЫТЭРИ **ЗЭТIУОЛЪХУЭНЫКЪУ**ЭХЭР ФIЫУЭ ЗЫМЫЩIЫХУМ ДЕЖКIЭ ЗЭХЭХУПХЪЭУ ЩЫМЫТРЭ ЗЭРЫЗЭХЭГЪУЭЩАПХЪЭУ - **ЗЭХЭГЪЭЗЭРЫХЬЫПХЪЭУ** ЗЭРЫЩЫТЫРЩ.

ИПЭКIЭ КЪЭТIУЭТА ШЫПСЭМ ЗИ ГУГЪУ ИЩIА **ЗЭШИТI**ЫР **"НАРТХЭР" ТХЫЛЪ**ЫМ ХИУБЫДЭ IУЭРЫIУАТЭ ВАРИАНТЫМ **ЗЭТIУОЛЪХУЭНЫКЪУ**ЭУЩ ЗЭРЫХЭТРИ, **"ПЫДЖЭ"**РЭ **"ПЫГЪЭЩ"** ЗИ ЦIЭХЭРЩ.

ЗЭТIОЛЪХУЭНЫКЪУЭУ ЗЭЩХЬ ДЫДЭМИ, АХЭР ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКIРЭ **ЗЭРЫЗЭХЭХУПХЪЭ** ЩIЫКIЭ ГУЭР ЩЫIЭНЩИ, **"ПЫДЖЭ"**РЭ **"ПЫГЪЭЩ"** Я ЦIЭХЭМ МЫР ГУРЫIУЭГЪУЭ КЪАЩIЫР: ЗЫМ И ДЖАТЭР **МЭПЫДЖЭ,** АДРЕЙМ И ДЖАТЭМ **ПЕГЪЭЩ**ЫР. АУЭ ИКIИ ПЭЖЩ МЫР ЗЫМЫГЪЭУНЭХУАРЭ ЗЫМЫЩIЭМ ДЕЖКIЭ ЗЭХЭХУГЪУЭУ ЗЭРЫЩЫМЫТЫР.

**...**

НЫТIЭ, МЫ ЗИ ГУГЪУ ТЩIЫ IУЭРЫIУАТЭ КIАПЭР КЪЫПЫТЩЭЖЫНЩ.

АТАРИ ТIЭ...

МЫ ЗЭТIОЛЪХУЭНЫКЪУЭ ЗЭШИТIЫМ ЗЫР ХЫМ ЗЫХИДЗЭУ **"ХЫ ЩIАГЪ** УНЭ"М КIУАРАТИ, АБЫ ЕЖЬЭ И КЪУЭШЫМ "СИ КЪУЭШЫР ХЫМ МЭЖЭЛIАУЭ КЪЫХЭКIЫЖЫНЩ, СЭ ТIЭКIУ СЫЩАУЭУ ШХЫН ГУЭРХЭР КЪЭСХЬЫНЩ" ЖИIЭУ МЭЗЫМ ЩIОХЬЭР.

ХЫМ И ЩХЬЭГЪУСЭРИ ДИЩIЫГЪУУ КЪЫХЭКIЫЖА КЪУЭШЫМ ЗИПЛЪЫХЬУ И КЪУЭШЫР ЩИМЫЛЪАГЪУМ, АРИ И КЪУЭШЫР ИЛЪЫХЪУЭНУ МЭЗЫМ ЩIОХЬЭР. АУЭ, ЗЭШИТIЫР МЭЗЫМ ЩЫЗЭХУЭМЫЗЭУ, ЩЭКIУАУЭ МЭЗЫМ КЪЫЩIЭКIЫЖ КЪУЭШЫР ЗЫЛЪАГЪУ БЗЫЛЪХУГЪЭМ И ЩХЬЭГЪУСЭРАУЭ ФIЭЩIЫУ АБЫ ЗЫРЕШЭКI.

И КЪУЭШЫР ИЛЪЫХЪУЭНУ КIУАР МЭЗЫМ КЪЫЩIЭКIЫЖУ И ЩХЬЭГЪУСЭМРЭ ИЛЪЫХЪУЭ КЪУЭШЫР ЗЭРЫЗЭШЭКIАУЭ ЩИЛЪАГЪУА ДЫДЭМ, И КЪУЭШМИ КЪЭХЪУАР КЪЫГУРОIУЭЖ. "МЫР СЫЩIАУЭ СЭ СЫМЫПСЭУЖЫФЫН" ЖИIЭУ И ШАБЗЭР ДИШЕЙУЭ ШАБЗЭШЭР УЭГУМ ДЫРЕГЪЭУЕЙУЭ, КЪЫЩЕХЫЖМИ И ЛЪАБЖЬЭМ ЩIЭХЬЭУ И ШАБЗЭШЭМКIЭ ЗЕУКIЫЖ.

**....**

НЫТӀЭ,

ИПЭКӀЭ КЪЭТӀУЭТА ШЫПСЭМ МЫ КЪЫПЫТЩЭЖАМ ХУЭДЭ ЗЫ КӀАПӀЭРЭ УХЫКӀЭ ЗЭРИМЫӀЭПХЪЭР ИКӀИ МЫПХУЭДЭХЭРИ ШЫПСЭУ ЦӀЫКӀУХЭМ КЪЫХУЭӀУЭТЭН ЗЭРЫИМЫГЪУЭРИ ГУРЫӀУЭГЪУЭЩ.

ИКӀИ, МЫ КЪЫПЫТЩЭЖАР ИПЭКӀЭ КЪЭТӀУЭТА ШЫПСЭМ ЩЫЩУ МЫЛЪЫТАПХЪЭУ, **ЩХЬЭЖУ** ЗЫ **"МИФ"** ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭУ ЗЭРЫЩЫТЫН ХУЕЙРИ ГУРЫӀУЭГЪУЭНЩ:

- АРАЩИ, КЪЭТӀУЭТА ШЫПСЭР КЪЫЗЫТЕХЪУКӀАМРЭ ХИУБЫДЭ "МИФ"РИ ГУРЫӀУЭГЪУЭМЭ, АБЫ ИКӀИ ЗЫ "ЗЭТӀОЛЪХУЭНЫКЪУЭ МИФ" ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭ КЪЫЗЭРЫПЫМЫЩАПХЪЭР ГУРЫӀУЭГЪУЭНЩИ, МЫ **"МИФ"ИТӀ**ЫР ЗЫ **ШЫПСЭМ** –ӀУЭРЫӀУАТЭ"М- **ЗЭГЪУСЭУ ХИУБЫД**ЭН ПАПЩӀЭ ЗЫ ТЕГЪЭЩӀАПӀЭ **ЩЫӀЭКЪЫМ**.

- ИПЭКӀЭ КЪЭТӀУЭТАУЭ ЩЫТА ШЫПСЭМ ХИУБЫДЭ **ЗЭШИТӀ**ЫР ИКӀИ **"ПЫДЖЭ"**РЭ **"ПЫГЪЭЩ"**У **ЛӀЫХЪУЖЬЫЦӀ**ЭКӀЭ ЛЪЫТЭНЫР А **ШЫПС**ЭМ ХИУБЫДЭ **"МИФ" ТЕМЭМ** ЗЭР**ЕМЫЗЭГЪ**ЫНУРИ ГУРЫӀУЭГЪУЭЩ.

НЫТӀЭ, **ЗЭМЫЗЭГЪ**ЫНУ **"МИФ"**ХЭР **ЗЫ** ШЫПСЭМ **–ӀУЭРЫӀУАТ**ЭМ-ХЭТ **ЩӀЭХЪУАР** ЗЫ ЗЭМАНЫГЪУЭ ЛЪАНДЭРЭ АДЫГЭР ЛӀЫХЪУЖЬЫГЪЭМ ХУЭЩӀЭКЪУУ ЗЭРЫЩЫТРЭ, НОБИ **АДЫГЭ ӀУЭРЫӀУАТ**ЭХЭР **МИФОЛОГИЕ** ЛЪЭНЫКЪУЭКӀЭ **МЫДЖУ**, ЛӀЫХЪУЖЬ ХЪЫБАРХЭУ **-ЭПОС** ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭУ-**ЗЭРЫЛЪЫТ**ЭРАУЭ ЖЫӀЭПХЪЭЩ.

**…**

ИКӀИ, МЫБДЕЖЫМ **ЗЭТӀОЛЪХУЭНЫКЪУЭ** ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭУ КӀЭЩӀЫУ КЪЭТӀУЭТА МЫ **АДЫГЭ "МИФ"**ЫР **ТЕМЭ**КӀЭ **АЛЫДЖ "МИФ"** ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭ **"ОЕДИПУС"**ЫМ (АДЫГЭМ "ЭДИП" ЖЫХУИӀЭ) **ЕЩХЬ**У ЛЪЫТАПХЪЭЩИ, ТӀУРИ, **ЦӀЫХУ ЗЭХЭТЫКӀ**ЭМ –СОЦИАЛ ЗЭХУЩЫТЫКӀЭМ- ЗЫ **ЦӀЫХУ**Р АДРЕЙМ **ЩЫЗЭХЭМЫХУФ**ЫМ ЩЫГЪУЭ КЪЭХЪУНУФЫНХЭР **ЗИ ТЕМЭ "МИФ"**ХЭРЩ.

АУЭ, МЫ АДЫГЭ "МИФ"ЫР "ОЕДИПУС"ЫМ ХУЭДЭУ ЗЭМЫЛӀЭУЖЬЫГЪУЭБЭУ ЯГЪЭЛЕЯУЭ ЗЭХЭЛЪКЪЫМ, ИКӀИ, **"ОЕДИПУС"**ЫМ ХУЭДИЗУ **"МИФ" ШЫНАГЪУ**ЭКЪЫМ. АУЭ, АБЫ **ИПЭӀУЭ** КЪЭХЪУАРЭ ИКӀИ АПХУЭДЭХЭМ **ЛЪАБЖЬЭ ЯХУЭХЪУ**ПХЪЭ **"МИФ"** ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭУИ ЛЪЫТАПХЪЭЩ.

МЫ ЗЭТIУОЛЪХУЭНЫКЪУЭ ″МИФ″ХЭМРЭ, АХЭР ″ОЕДИПУС МИФ″ЫМ ИПЭ КЪИХУЭРЭ ЛЪАБЖЬЭ ЯХУЭХЪУУ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭМ ЯПЭРЕЙ ТХЫЛЪУ КЪЫДЭКIАУЭ ЩЫТА -″ФИИЛЛЕР КИТАБЫ″МИ -″ТЛАГОЛ ТХЫЛЪ″МИ-ПОЛЕМИКЭ ТЕТЩIЫХЬАУЭ ЩЫТАЩ!

ДАУИ, ЦIЫХУ ЗЭХЭТЫКIЭМ ТЕУХУА МЫПХУЭДЭ ″МИФ″ХЭМ ЗЫЗЭРИУБГЪУРИ КЪЭЗЫГЪЭЩI ЛЪЭПКЪХЭМ Я ЗЭХЭТЫКIЭМ ТЕУХУАУЭЩИ, НОБИ **БЛЭГЪАГЪЭ СИСТЕМ**ЭМ ТЕТУ И БЛАГЪЭХЭР ЗЫЩIЫХУЖ АДЫГЭМ И БЛЭКIАМИ **″ОЕДИПУС″** ХУЭДЭ **″МИФ″**ХЭР КЪЫЗЭР**ИМЫГЪЭЩI**ЫНУР ГУРЫIУЭГЪУЭЩ.

БЛЭГЪАГЪЭ ХАБЗЭР ХЭКУМ ФIЫУЭ ЩЫЗЕКIУЭУ ЩЫТМИ, АР НОБЭ ХЭХЭСХЭМ ЛАНТIЭ ЩЫЗЭРЫХЪУР ГУРЫIУЭГЪУЭЩИ, МЫРИ КЪЫЗЫХЭКIЫР БЛЭГЪАГЪЭР ЕЗЫМ ХУЭДЭУ ЗЫМЫЛЪЫТЭ ЛЪЭПКЪХЭМ ЗЭРЫХЭСЫМ АДЫГЭМ КЪЫХУИХЬ СОЦИАЛ АЦИМИЛАЦЭРЩ.

*

МЫ КЪЭТIУЭТА IУЭРЫIУАТЭМ ЛIЫХЪУЖЬУ ХЭТ **ПЫДЖЭ-**РЭ **ПЫГЪЭЩ-**ЫМ Я **ДЖАТЭХЭР** ЗЫЩIАРИ **НАРТ**ХЭМ Я **ГЪУКIЭ**ФIРАЩИ, МЫ ВАРИАНТЫМ ГЪУКIЭ КЪЫЗЭРЫХЭЩЫР СИГУ КЪЭКIЫЖКЪЫМ; АУЭ, А НЭХЪ **ГЪУКIЭ IЭЗЭ**У НАРТХЭМ ЯIЭР **″ЛЪЭПЩ″**РАУЭ ЗЭРЫЩЫТРИ ГУРЫIУЭГЪУЭЩ.

″ЛЪЭПЩ″ЫР IУЭРЫIУАТЭХЭМ ″ГЪУКIЭ″У ХЭТМИ, ″ЛЪЭПЩ″ЫМ ″ГЪУКIЭ″НЫМ ЩХЬЭЩЫКIЫУ ИIЭ КЪАЛЭНЫР **″ЛЪЭПЩ″ ПСАЛЪЭ**М ГУРЫIУЭГЪУЭ КЪЕЩIР: АР **″ЛЪЭ ПЩЫН″**РАЩ.

ДАУИ, IУЭРЫIУАТЭУ НОБЭМ КЪЫНЭСАХЭМ ″ГЪУКIЭ″ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ ХЭТ **″ЛЪЭПЩ″**ЫР **МАКЪЫБЗЭ**У ЩЫЗЭПКЪЫРЫПХКIЭ, АР ГЪУКIЭНЫМ КЪЫЩЫМЫНЭУ, **ЩЫIЭГЪУЭ ЗЫГЪУЭТ**У УТЫКУ КЪИХЬЭ ДЭТХЭНЭ ГУЭРЫМ ХУЭХЪУНУРЭ **ИГЪУЭТ**ЫНУ **″ЛЪЭ″Р ЗЫ″ПЩ″**РЭ **ЕЗЫТ**РАУЭ ЛЪЫТАПХЪЭЩ. ДЭТХЭНЭ ЗЫ **″ЛЪЭ″**Р **ЗЫХУЭФАЩЭМ ХУЭЗЫПЩУ ЛЪЭ ПЩАЛЪЭ**РЩ ИКIИ **″ЛЪЭПЩ″**РИ, ДИ IУЭРЫIУАТЭХЭМ ″ЛЪЭПЩ″ ПСАЛЪЭМ МЫ И МЫХЬЭНЭР ЩЫЛЪЫХЪУЭНРЭ ХЭЛЪЭГЪУЭН ХУЕЙЩ.

ДЭТХЭНЭ ЗЫ **ЩЫIГЪУЭ ЗИIЭ** ДЭТХЭНЭ ГУЭРЫМ ХУЭИГЪУЭ **ЗЫ ЛЪЭ** ЗЭР**ИIЭ**Р ГУРЫIУЭГЪУЭЩИ, **ЩЫIЭГЪУЭ ЗЫГЪУЭТ**ЫМ **ЩЫIЭГЪУЭ ЗЭРИГЪУЭТА ЛЪЭ** ИIЭЖУ УТЫКУ КЪИЗЫГЪЭХЬЭР ЛЪЭПЩ И IУЭХУЩ. АРАЩИ, ЩЫIЭУ УТЫКУ КЪИХЬЭ ДЭТХЭНЭ ГУЭРЫМ И **ЛЪЭ**Р ХУЭ**ЗЫПЩ**ЫР **″МИФ ЛОГИЕ″**КIЭ **-″МИФОЛОГИЕ″**КIЭ- ЗЫ **″МИФ″** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ **ФИГУР**У

ЗЫ МАКЪЫБЗЭМ ЗЭРЫИГЪУЭУ ЗЭРИЛЪЫТЭ ПСАЛЪЭРЩ **"ЛЪЭПЩ"**ЫР. НЫТIЭ, МЫР ЗЫ **ТХЬЭ IУЭХУГЪУЭ**У ЗЭРЫЩЫТРИ ГУРЫIУЭГЪУЭНЩИ, МЫПХУЭДЭР ЗИ IУЭХУ **"ЛЪЭПЩ"**ЫР **"МИФ ФИГУР"**У А НЭХЪ МАЩIЭУ ЗЫ **ТХЬЭПЭЛЪЫТЭ**У ЛЪЫТАПХЪЭЩ.

**"ЛЪЭ"** ЩЫЖЫТIЭМ ДЕЖИ, МЫР **"ПКЪЫ, ПКЪЫГЪУЭ"**М ЗЭРЫ**ЗЭЩХЬЭЩЫКI**ЫР ГУРЫIУЭГЪУЭЩИ, "ОРГАН, ОРГАНИЗМЭ, ОРГАНИЗАЦЭ" ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ ЗИ МЫХЬЭНЭ ПСАЛЪЭУ ЛЪЫТАПХЪЭЩ **"ЛЪЭ"**Р. "ПКЪЫ" ЗИМЫIЭ"РЭ "ПКЪЫГЪУЭ"У ЩЫМЫТУ ЩЫIЭГЪУЭ ЗИIЭ ЩЫIЭНЩ, АУЭ **"ЛЪЭ" ЗИМЫIЭУ ЩЫIЭГЪУЭ** ЗИIЭ **ЩЫIЭНКЪЫМ**.

НЫТIЭ, ПКЪЫ ЗИIЭ Е ЗИМЫIЭУ, IУПЩI -КОНКРЕТ- Е АБСТРАКТУ ЩЫРЕТ, ЩЫIЭУЭ ХЪУА СЫТМИ ЗЫ ЛЪЭ ИIЭЖЩИ, АБЫ И ПЩАЛЪЭР **МИФОЛОГИЕ**У **ТХЬЭПЭЛЪЫТЭ** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ ЗЭРЫЛЪЫТАРАЩ **"ЛЪЭПЩ"**ЫР.

*

**"ЛЪЭПЩ"**ЫМ ЕЗЫРИ АР ЗЫХЭТРЭ АБЫ ТЕУХУА IУЭРЫIУАТЭХЭРИ **"ЭПОС"** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ **-ЛIЫХЪУЖЬ ХЪЫБАР**У- ХЪУАРЭ ЗЭРАЛЪЫТЭРИ ГУРЫIУЭГЪУЭЩ НОБИ, ДИ IУЭРЫIУЭТЭДЖХЭМ МЫХЭР МИФОЛОГИЕ ЕПЛЪЫКIЭ **АНАЛИЗ** ЯЩIЫУ **ЯДЖЫН** ЗЭРЫХУЕЙР ГУРЫIУЭГЪУЭЩ.

ИКIИ, ЩЫIЭГЪУЭ ЗИIЭР ЗЭРЫЩЫIЭНУ ЛЪЭР ПЩЫН КЪАЛЭН ЗИIЭ **"ЛЪЭПЩ"**ЫМ **НЭМЫЩI, ЩЫIЭГЪУЭМРЭ ЗЭРЫЗЕКIУЭ**М ТЕУХУА НЭГЪУЭЩI **МИФОЛОГИЕ ФИГУРХЭР**И ХЭТЩ ДИ IУЭРЫIУАТЭХЭМИ, АХЭРИ МАКЪЫБЗЭ ЛЭЖЬЭКIЭУ УХУА ПСАЛЪЭХЭМКIЭЩ КЪЫЗЭРЫIУЭТАР.

АУЭ, "ЛЪЭПЩ"ЫМ ХУЭДЭЖУ АХЭРИ **"ЭПОС"** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУЩ ЗЭРАЛЪЫТЭРИ, НЫТIЭ, -АР ЩЫХЪУКIИ-, ДИ **IУЭРЫIУЭТЭДЖХЭМ** - **"ЛIЫХЪУЖЬ ХЪЫБАР"**У АХЭР А КЪЫЗЭРЫIУЭТА ЩIЫКIЭР А ЗЭРЫЩЫТУ ЯЛЪЫТЭН НЭМЫЩI- **ЯДЖЫН ХУЕЙ** ГУЭР **КЪАХУЭНЭКЪЫМ**! – ПЭЖЩ ЗЭХУАХЬЭС, ЗЭРАГЪЭЗАХУЭ, ЭПОС ЕПЛЪЫКIЭКIЭ ЗЭРЫЗЭЛЪАТЭУ ЗЫР ЗЫМ ПАЩIЭ; АУЭ МЫПХУЭДЭКIЭУИ, МИФОЛОГИЕ ЕПЛЪЫКIЭКIИ ЗЭХУАОТХЪУЭ!

ДАУИ, МЫБДЕЖЫМ АРГУЭРУ ДИ I**УЭРЫIУАТ**ЭХЭМ **ЗЭУАКIУЭ ЛIЫХЪУЖЬ** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭУ **ХЭТ**РЭ **ЩЫIЭГЪУЭ**Р **КЪЫЗЭРЫХЪУ**РЭ **ЗЭРЫЗЕКIУЭ**Р МАКЪЫБЗЭМКIЭ **ЗЭРЫЛЪЫТЭ**У УХУА **ПСАЛЪЭХ**ЭМКIЭ ЛЪЫТА **МИФОЛОГИЕ ФИГУР**ХЭМИ Я ГУГЪУ ЩЫТЩIЫНЩ. ИКIИ, ДИ ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ ИГЪУЭ ЩЫХЪУ ДЭТХЭНЭ ЗЫ ЩIЫПIЭМ ПСАЛЪЭ

ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ ЗЭПКЪЫРЫТХЫУ КЪИКIЫР НАIУЭУ КЪЭIУЭТАУЭ ЗЭРЫЩЫТЫМ ПАПЩIЭ, МЫХЬЭНЭРЭ **КЪАЛЭНКIЭ ЗЫР ЗЫМ ПЫЩIА**УЭ ЛЪЫТАПХЪЭ МЫ **"МИФОЛОИГИЕ ФИГУР"**ХЭР МЫ ЗЭРЫЗЭПЫЩА ЩIЫКIЭКIЭ КЪЭТIУЭТЭНЩ:

**"УЭЗЫР МЭС"**РИ **"ИС"**ЫР КЪОХЪУ; **"ИМЫС"** КЪЭХЪУКЪЫМ.

**"УЭЗЫР МЭДЖ"**РИ **ИДЖ**ЫР КЪОХЪУ; **ИМЫДЖ** КЪЭХЪУКЪЫМ.

"УЭЗЫР ЗЭРЫДЖ"ЫР -**"УЭЗЫРЫДЖ"**ЫР- "УЭЗЫР ЗЭРЫС"КIЭРЭЩ - **"УЭЗЫРЫС"**КIЭРЭЩ.

"УЭЗЫР ЗЭРЫС"ЫР "**УЭЗЫРЫС**"ЫР "ЕЗЫМ З**ИСУ ИТУ СЫ**УРЭЩ" - "**СОС**"ЩИ-,

КЪЫХЭХЪУКIЫР ("КЪ-У" → КЪУ") МЭДЖ ("**КЪУЭ**") -"**УЗЭРЫДЖ**"Щ-.

МЫПХУЭДЭ ЗАЩIЭУ ЗОКIУЭР ЩЫIЭГЪУЭРИ, СЫУЭ ИТУ ИСЫМ КЪЫХЭХЪУКIЫУ ЩЫIЭ ХЪУР УВЫIЭГЪУЭ ЗИМЫIЭУ МЫ ЛЪАГЪУЭМ ИРОКIУЭЖЫР: **"СЫУЭ ИТУ СЫМ КЪЫХЭХЪУКI"**ЫР –**"СОСЫРЫКЪУЭ"**Р МЫУВЫIЭУ СЫУРЭ МЭДЖ.

НЫТIЭ, МЫ ПСАЛЪЭХЭР Я МАКЪ МЫХЬЭНЭКIЭ ЗЭРЫЗЭПЫЩIАР ТЛЪЫТЭУ КЪЭТIУЭТА МЫ УСЭ ПЭЛЪЫТЭР НОБИ ЩIЭНЫГЪЭМИ ЩЫIЭГЪУЭ КЪЫЗЭРЫХЪУРЭ ЗЕКIУЭКIЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЩИ, **ЩЫIЭГЪУЭ УЖЬЫГЪУ**ЭУ УТЫКУ КЪИХЬА **МАКЪХЭМКIЭ**РЭ -МЫ КЪЫЗЭРЫХЪУА ЩIЫКIЭР Я МЫХЬЭНЭУЭ- УХУА ПСАЛЪЭХЭМ КЪЫЗЭРЫIУАТАР ГУРЫIУЭГЪУЭЩ. АРАЩИ, **ЩЫIЭГЪУЭРЭ ЗЭРЫЗЕКIУЭР ЩХЬЭЖУ КЪЭЗЫIУАТ**ЭХЭРЩ МЫ **ПСАЛЪЭ**ХЭРИ, ЩХЬЭХУЭУ ЗЫ **КЪЭIУЭТЭГЪУ**ЭИ ЗЫХУЭ**МЫНЫКЪУ**ЭХЭРЩ. – НЫТIЭ, МЫХЭР **УХУЕЙМЭ "МИФ"**У ЛЪЫТЭ, **УХУЕЙМЭ "ЩIЭНЫГЪЭ"**У ЛЪЫТЭ.

ДАУИ, МЫ ЗИ ГУГЪУ ТЩIА **ПСАЛЪЭХЭ**МРЭ **АХЭР ЗЭКIЭЛЪХЬЭУЖЬУ** КЪЭТIУЭТАХЭМКIЭ ГУРЫIУЭГЪУЭ КЪЫПХУАЩIЫР ИКIИ, **ЩХЬЭЖУ** ЗЫ **"СОСЫРЫКЪУЭ"** ПСАЛЪЭ ЗАКЪУЭМИ ГУРЫIУЭГЪУЭ КЪЫТХУИЩIЫР **КОСМОС**ЫР **ЕЗЫР ЕЗЫРУРЭ ЗЭРЫЗЕКIУЭРЭ ЗЭРЫЗЭХЪУЭКI**ЫУ **ЗЭРЫУЖЬ**ЫР ЩIЭНЫГЪЭМ –ПП: **"ТЕРМОДИНАМИКЭ-2"**М- ЗЭРИЛЪЫТЭРЭ КЪЫЗЭРИIУАТЭ ЩIЫКIЭХЭМ ХУЭДЭРЭ ЗЭРЫТЕУХУАР ГУРЫIУЭГЪУЭЩ.

ИКIИ, МЫ КЪЭТIУЭТАХЭМ УЖЬЫГЪУЭР **ХЪУПХЪЭ** ЗАЩIЭУ –ХЪУГЪЭ ЗАЩIЭКIЭРЭ ЗЭРЫЗЕКIУЭУ- КЪЫЗЭРАIУЭТАРИ ГУЛЪЫТАПХЪЭЩ. АУЭ, **ЩЫIЭУ ЩЫТЫР** ФIЭКIЫПIЭ ИМЫIЭУ **ЗЭРЫЗЭХЪУЭКIКIЭ**РЭЩ **ЗЭРЫУЖЬ** ЩIЫКIЭРИ, МЫРИ ЗЭРЫГЪЭЗЭЩIЭФЫНУР **УЖЬЫНЫГЪЭ** КЪЫЗПЭЩЫТ А

**ЩЫIЭУ ЩЫТЫМ** И ЩЫIЭГЪУЭМ **МЫХЪУНЫГЪЭ ЗЭРИГЪУЭТ**КIIЭРЭУ ЗЭРЫЩЫТЫНУР ГУРЫIУЭГЪУЭНЩ. АРАЩИ, А ЩЫIЭУ ЩЫТЫР -ЕЗЫМ **КЪЫХЭХЬЭ - КЪЫХЭХЪУЭ** ГУЭР **ЩЫМЫIЭУ- ЕЗЫР ЕЗЫРУРЭ ЗЭРЫУЖЬ**ЫФЫНУР А ЩЫIЭМ ЕЗЫМ **И КIУЭЦIКIЭ** ЕЗЫМ И ЩЫIЭГЪУЭМ **ЕМЫЗЭГЪ**РЭ ХУЭМЫДЭ -**АХУЭМЫДЭ**- ГУЭР КЪЫЗЭРЫХЪУКIЭРЭЩ.

МЫПХУЭДЭР (А ЗЭРЫЩЫIЭУ ЩЫТАМ ХУЭМЫДЭРЭ ЕМЫЗЭГЪЫР) ЗИ КIУЭЦIЫМ КЪЫЩЫХЪУАУЭ ЩЫТ А **ЩЫIЭУ ЩЫТЫМ** -МЫБЫ НЭУЖЬ- **ЩЫIЭГЪУЭ ИIЭЖЫФЫН**РЭ **И ЩЫIЭГЪУ**ЭР ИХЬУ **КIУЭТЭФЫН ПАПЩIЭ**, ЕЗЫМ И ЩЫIЭГЪУЭМ **ХУЭМЫДЭРЭ** МЫ **ЕМЫЗЭГЪ**ЫР **ЗЫХИУБЫДЭУ,** А ЩЫIЭУ ЩЫТЫМ ЕЗЫР МЫ КЪЕМЫЗЭГЪЫМ ЗЫРИГЪЭЗЭГЪЫУ, **А ЗЭРЫЩЫТА**УЭ ЩЫТАМ **ЩХЬЭЩЫКI**ЫУ **ЗЭРЫЗЭХЪУЭКI**ЫН ХУЕЙР ГУРЫIУЭГЪУЭНЩ. МЫ **ЗЭХЪУЭКIЫНЫГЪЭ**РИ **А ЩЫIЭМ И УЖЬЫГЪУ**ЭРЩИ, МЫРИ **А ЩЫIЭМ ЩIЭ**УЭ ЗЫ **ЩЫIЭ** -ЩЫIЭЩIЭ ГУЭР- КЪЫЗЭРЫТЕХЪУКIЫРЩ, **ЩЫIЭГЪУЭЩIЭ** ЗЭРИГЪУЭТЫРЩ.

МЫ КЪЭТIУЭТАХЭРИ ИПЭКIЭ ХЪУПХЪЭ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ ИПЭКIЭ КЪЭТIУЭТА **ЩЫIЭГЪУЭ УЖЬЫГЪУ**ЭР И **ДЕТАЛ**КIЭРЭ **ЗЭРЫЗЕКIУ**ЭМ ТЕУХУАЩИ, НЫТIЭ, **ЩЫIЭМ И КIУЭЦI**КIЭ ИГЪУЭТ **МЫХЪУНЫГЪЭ**КIЭРЭ ЗЭРЫ**ЗЭХЭТХЪУЭУ** (**КЪАУЭС**, **АНТРОПИ**), МЫ **МЫХЪУНЫГЪЭ**РИ ЗХИУБЫДЭУ КЪЭХЪУ **ЗЭХЪУЭКIЫНЫГЪЭР ЗЭРЫУЗЭЩI**ЫЖКIЭРЭЩ (**МЭУЭС**) **КОСМОС**ЫР (КАОС-МЭОС) ЗЭРЫ**УЖЬ**РЭ **ЗЭРЫЗЕКIУЭР**. НЫТIЭ, ″КЪАУЭС, МЭУС″!

АРАЩИ, КОСМИКЭ ЗЭХЪУЭКIЫНЫГЪЭРЭ УЖЬЫГЪУЭМ ЛЪАБЖЬЭ ХУЭХЪУР ЩЫIЭМ И КIУЭЦIЫМ КЪЫЩЫХЪУ **МЫХЪУНЫГЪЭР** ″УЭЗЫР (УЭЗ) ЕЗЫР ЕЗЫРУРЭ (МЭ) ЗЭРЫС (С)″КIЭРЭ ЗЭРЫЗЕКIУЭУ **″УЭЗЫРМЭС″**ЫМ КЪИIУАТЭМ И **ДЕТАЛ**ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЩИ, КОСМОС″ЫР Е ДЭТХЭНЭ ГУЭРЫР ″УЭЗ″ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ ПЛЪЫТЭУИ ЗЫГУРЫГЪЭIУАПХЪЭЩ. НЫТIЭ, А УЭЗЫР ЕЗЫР ЗЭРЫЩЫIЭ ЩIЫКIЭМ –ЩЫIЭУ ЗЭРЫЩЫТЫМ- ХУЭМЫДЭРЭ ИКIИ КЪЕМЫЗЭГЪЫУ ЕЗЫМ И КIУЭЦIЫМ КЪЫЩЫХЪУ –МЫХЪУНЫГЪЭР-ЗЫХИУБДЫЭЖУ ЗЭРЫЗЭХЪУЭКIКIЭРЭЩ УЭЗ УЖЬЫНЫГЪЭР. АРАЩИ, УЭЗЫМ МЫХЪУНЫГЪЭ КЪЫЩIЭХЪУЭУ ЗЭМЫКIУЖ ЩЫХЪУР ″АНТРОПИ″ -КАОС-ЖЫХУАIЭРЩ; ИКIИ, МЫ МЫХЪУНЫГЪЭР ЗЫХИУБЫУДЭУ ЩЫУЗЭЩIЫЖРИ УЭЗЫМ УЖЬЫНЫГЪЭ ЩИГЪЭТЫЩРИ, МЫРИ ″МЭОС″ ЖЫХУАIЭРЩ.

НЫТIЭ, МЫ УЭЗЫР **″ИС″** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ, МЫ ЗЭРЫЖЫТIАУИ **И КIУЭЦI**КIЭ КЪЫЩЫХЪУРАЩ **МЫХЪУНЫГЪЭ** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭРИ, ″УЭЗЫРМЭС″ЫР ЗЭРЫС ЩIЫКIЭРИ МЫПХУЭДЭЩ. ИКIИ, КОСМОС Е УЭЗУ

ЖЫIIЭ, ЗЭХЭТХЪУАУЭ ЩЫТЫР ЩЫУЗЭЩIЫЖЫР ЗЭРЫЛЪЫТА УЖЬЫГЪУЭРИ АБЫ ЗЫЩИГЪЭЩIЭРЭЩIЭЖРАЩИ, УЭЗЫР ЩЫДЖРЭ ЗЭРЫДЖЫРЩ – УЭЗЫРЫДЖЫРЩ, УЭЗЫРМЭДЖЫРЩ.

АРАЩИ, МЫ КЪЭТIУЭТАХЭМ ХИУБЫДЭ МЫХЪУНЫГЪЭ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭР ХЪУГЪУЭ-ФIЫГЪУЭРЭ ХЪУПХЪЭ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭМ И КIУЭЦIКIЭ КЪЫЩЫХЪУУ ИКIИ КЪЫХЭХЪУКIЫР ЗЭРЫДЖЫЖЫНУМ ЩХЬЭУСЫГЪУЭ ХУЭХЪУХЭРЩ. АУЭ, УЭЗЫРЫСУ ЩЫМЫТРЭ **"ИМЫС"**МИ И ГУГЪУ ТЩIАГЪАЩИ, АР ИКIИ, УЭЗЫРЫДЖУИ ЩЫМЫТЫУ **МЫДЖЭ**РЩ. НЫТIЭ МЫХЭРИ **ЩЫIIЭ МЫХЪУ**РЩ, **ЩЫIIЭГЪУЭ ЗИМЫI**IЭРЭ КЪЫЗЫТЕМЫХЪУКIЫРЩИ, **ЩЫIIЭ КЪЫЗЫТЕМЫХЪУКI**РЭ ЩЫIIЭГЪУЭ **НЭ** – СУРС/РЕСУРС- **МЫХЪУ**У **"ЕМЫНЭ"** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭРЩ.

МЫПХУЭДЭУ **ЩЫIIЭГЪУЭ ЗИМЫI**IЭРЭ ЗЫМЫГЪУЭТУ ИКIИ **КЪЫЗЫТЕМЫХЪУКI**РИ **МЫФI**ЫРЩ. НАХУЭРЭ **УНЭХУ**ПХЪЭУ **ЩЫМЫТ**ЫРЩИ, **КIЫФI**ЫРЩ. ЛЪЫТЭНЫГЪЭРЭ **ТЕПЛЪЭ**И **ЗИМЫI**IЭУ ЗЭРЫЩЫТКIИ **ЛЪАГЪУНЫГЪЭ**И **ЗИМЫI**IЭУ **ФIЫЦI**ЭРЩ. МЫПХУЭДЭУ ЩЫТХЭРИ ЩЫIIЭГЪУЭРЭ КЪЭХЪУНЫГЪЭ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ ЗЭРЫЩЫМЫТРИ ГУРЫIIУЭГЪУЭНЩИ, МЫ "КIЫФI"РЭ "ФIЦIЭ" ПСАЛЪЭХЭМИ ДИГУ КЪЫЗЭРИГЪЭКIЫУ, ЩIЭНЫГЪЭМ **"УЭЗ ФIЫЦIЭ"**РЭ **"ПКЪЫГЪУЭ "Е ЛЪЭ-ФIЫЦIЭ"** ЖЫХУИIЭРАУЭ ЛЪЫТАПХЪЭНЩ.

**...**

НЫТIЭ, МЫ КЪЭТIУЭТАХЭР **"ШЫПСЭ"**У Е **"МИФ"**У ЖЫIIЭ, Е АХЭР -ИКIИ ЩIЭНЫГЪЭМ ИЛЪЫТЭХЭМИ ЗЭРЫТЕХУАР ЗЭРЫЖЫТIАУЭ- **ЩIЭНЫГЪЭ**УИ ЖЫIIЭ. **ЗЫТЕУХУАР**Э ЖЫЗЫДГЪЭIЭХЭР **АДЫГЭ IУЭРЫIIУАТЭ**ХЭМ И **ФИГУР**ХЭР МАКЪЫБЗЭУ ЗЭРЫЗЭПКЪЫРЫТХРЭ КЪЫЗЭРЫДГУРЫIIУЭРАЩ. ИКIИ, МЫ ФИГУРХЭР **ЗЭУАКIУЭРЭ ЛIЫХЪУЖЬ**У ДЫМЫЛЪЫТЭРЭ А ЗЭРЫЩЫТУ **КЪЭДЫМЫГЪАНЭ**У, **МИФОЛОГИЕ** БГЪЭДЭХЬЭКIЭКIЭ **ЕДЖЭ**МИ ТЕУХУАЩ.

IУЭРЫIIУАТЭХЭМ ХИУБЫДЭ МЫ ФИГУРХЭР **МИФОЛОГИЕ ЛIЭУЖЬЫГЪУ**ЭХЭУ ЩЫПЛЪЫТЭМ ДЕЖ, **УЗЫХУЭКIУЭНУР** МЫ ИПЭКIЭ **ЗИ ГУГЪУ ТЩIА**ХЭМ ХУЭДЭЩ; АУЭ, АХЭР **ЛIЫХЪУЖЬХЭУ ПЛЪЫТЭМЭ**, ПСЭУАРЭ ДУНЕЙМ ЕХЫЖА УИ **АДЭЖЬХЭУ ПЛЪЫТЭНЩ**И, Я КХЪЭРЭ Я ХЬЭДЭ **УЛЪЫХЪУН** ИУЖЬ УИХЬЭНЩ.

УЩЫЛЪЫХЪУЭКIИ **КЪЭБГЪУЭТЫНЩ**И, **"СОСЫРЫКЪУЭ ЛIЫ ЦIЫКIУТ; И МЭIУР КЪАГЪУЭТАЩ!"**; **"ХЬЭРЭМЭ IУАЩХЬЭР**

**КЪАГЪУЭТЫЖАЩ!"** ХУЭДЭ ЕПЛЪЫКIЭРЭ ПСЭЛЪЭМАКЪХЭР НОБЭ ЩIЫЗЭХЭТХЫР МЫРАЩ.

*

МЫБЫ НЭГЪУНЭ, МАЩIЭУ ГУЛЪЫТЭ ХУЭТЩIАУЭ ЖЫIЭПХЪЭЩ **"МИФ"**ХЭМИ, АХЭР АДЫГЭБЗЭМ КЪЫЗЭРЫIУАТЭ **ПСАЛЪЭ**ХЭРИ МАКЪЫБЗЭУ ЗЭРЫУХУАР АРГУЭРУ КЪЫХЭДГЪЭЩАЩ. АРАЩИ, МАКЪХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭМ КЪЫКIЭЛЪЫКIУЭУ УХУА ПСАЛЪЭ ЯЛЪЫТЭХЭРИ НЭХЪАПЭЩ ИКIИ ПСЭЛЪЭБЗЭР ЗЭРЫУЖЬ ЛЪАБЖЬЭЩ; АХЭР УТЫКУ КЪИХЬАУЭ КУЭДЫIУЭIЭКIЭ НЭУЖЬУ ЗЭРЫЩЫТЫНУР ГУРЫIУЭГЪУЭНЩ АБЫХЭМКIЭ КЪЭIУЭТАПХЪЭХЭМ ЩЫНЭСЫР ЦIЫХУРИ, МЫПХУЭДЭУ УТЫКУ КЪИХЬЭ КЪЭIУЭТЭГЪУЭХЭРИ КЪЫЗЭРЫIУАТЭ ПСАЛЪЭХЭМ ЯЛЪЫТЭР ЗЭРАЛЪЫТЭ ЩIЫКIЭР Я ЛЪАБЖЬЭУ ЯЗЭРЫХУЭХЪУУ IУЭРЫIУЭТЭЖУИ ЗЭРЫЗЕКIУЭУЩ "МИФ" ЖЫХУЭТIЭХЭРИ ЗЭРЫУХУЭР.

АУЭ ИКIИ, ПСАЛЪЭХЭМ МАКЪЫБЗЭУ Я ЩЫIЭГЪУЭ МЫХЬЭНЭХЭМ НЭМЫЩI, МЫ ПСАЛЪЭХЭР Я ЛЪАБЖЬЭУ ЛЪЫТАПХЪЭУ УХУАГЪЭХХЭ КЪЭIУЭТЭГЪУЭХЭМ ХИУБЫДЭ МЫ **"МИФ"**МИ ЗИ ГУГЪУ ЯЩIХЭР А ЗЭМАНЫГЪУЭХЭМ –МИФОЛОГИЕ ЛЪЭХЪЭНЭМ- ТЕУХУА ЩIЭНЫГЪЭ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭУ ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭРИ ГУРЫIУЭГЪУЭНЩ. ИКIИ, МЫ ЯХЭЛЪ ЩIЭНХЭМ ИПКЪ ЗЭРИТКIИ, **"МИФ" ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ** МЫХЬЭНЭ ЗИIЭУ УХУА **ПСАЛЪЭ**ХЭМ БЗЭХЭМ НОБИ УЗЭРИХЬЭЛIЭФЫНУР ГУРЫIУЭГЪУЭНЩ; - МЫПХУЭДЭ ПСАЛЪЭХЭМ **НЭХЪЫБЭ**УИ **МАКЪЫБЗЭУ ЩЫМЫТЫЖ БЗЭХ**ЭМ УЩЫРИХЬЭЛIЭНЩ, АУЭ, МАКЪЫБЗЭХЭМИ УЩЫРИХЬЭЛIЭФЫНЩ.

МЫ КЪЭТIУЭТАХЭМИ ТЕУХУАРЭ ИКIИ ДИГУ КЪИГЪЭКIЫЖУИ ЖЫIЭПХЪЭЩИ, МЫБДЕЖЫМ **ИЛЪЭС**ЫР **IЫХЬИПЛI**ЫУ **-СЕЗОН**ХЭР-ЗЭРЫЩЫТЫР КЪЭЗЫIУАТЭ ПСАЛЪЭХЭМРЭ Я ЗЭКIЭЛЪХЬЭУЖЬЫКIЭРИ ЗЭРЫЛЪЫТЭУ АДЫГЭБЗЭМ **КЪЫЗИРЫIУАТЭ** ЩIЫКIЭР КЪЭДГЪЭЛЪЭГЪУЭНЩ. МЫХЭР ИКIИ ИПЭКIЭ КЪЭТIУЭТАУЭ ЩЫТА ШЫПСЭХЭМ ХИУБЫДЭ "МИФ" ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ КЪЭIУЭТЭГЪУЭУ ЩЫМЫТМИ, **МИФОЛОГИЕ** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ ЗЭРЫЩЫТМИ ГУЛЪЫТЭ ХУЭТЩIЫНЩ.

НЭХЪ ЗЭIУХАУЭ ЖЫIЭПХЪЭМЭ, МЫ ЗИ ГУГЪУ ТЩIАУЭ МЫБДЕЖЫМ КЪЫЩЫТIУЭТЭНУХЭР ШЫПСЭРЭ IУЭРЫIУАТЭУ КЪЕКIУЭКI "МИФ" ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ ЩЫМЫТМИ, **"МИФ" МОТИВ**КIЭРЭ УХУА **ПСАЛЪЭ** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭМРЭ АХЭР ЗЭРЫЗЭКIЭЛЪХЬЭУЖЬУ Я ЗЭПЫЩIЭНЫГЪЭКIЭ

ГУРЫIУЭГЪУЭ КЪЫТХУЭХЪУР ЗЫ ШЫПСЭМ ХИУБЫДЭ **"МИФ" ЩIЭН** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ ЗЭРЫЩЫТРИ ГУЛЪЫТАПХЪЭЩ.

НОБЭРЕЙ ЩIЭНЫГЪЭМ СЕЗОНХЭР ЗЭРИЛЪЫТЭРЭ ЗЭРЫЗЕКIУЭР КЪЫЗЭРИIУАТЭР ГУРЫIУЭГЪУЭЩИ, ДЫГЪЭМРЭ ДУНЕЙМ Я ЗЭХУЩЫТЫКIЭМ ТЕУХУАУЭЩ. АУЭ, ИЛЪЭС ЗЭМАНЫГЪУИПЛIЫМ ДЭТХЭНЭ ЗЫР ЗЫЛЪЫТЭ ПСАЛЪЭХЭМРЭ АХЭР ЗЭРЫЗЭЛЪЫТА ЩIЫКIЭУ МЫБДЕЖЫМ КЪЫЩЫТIУЭТЭНУР МИФ МОТИВРЭ ЛОГИЕУ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ ЗЭРЫЩЫТРИ ГУРЫIУЭГЪУЭЩ.

АРАЩИ, **ИЛЪЭС**ЫМ **КЪЫЩЕКIУЭКIЫР "ГЪЭ"**РАУЭЩ **АДЫГЭ ТОПОКОСМИКЭ**У ЗЭРЫЛЪЫТЭРИ, ЗЫ **ИЛЪЭС ХЪУРЕЙ**Р **"ГЪЭ"**МРЭ **"ЩIЫ"**Р ТЕТЫГЪУЭКIЭ **ЗЭРЫЗЭНЫКЪУЭКЪУ**КIЭРЭ КЪЕКIУЭКIЫУ ЗЭРЫЛЪЫТЭР ЖЫIЭПХЪЭЩ:

- НЫТIЭ, **"ГЪЭ"**Р -"ЩIЫ"М ИУТIЫПЩЫЖУ- **КЪЫЩЕЖЬЭ**М **ТХ**ЭУЭ ЩIЕДЗЭРИ, **"ГЪЭ"**Р МЫ **ЩЫТХЭ** ЗЭМАНЫГЪУЭР -СЕЗОНЫР- **"ГЪАТХЭ"**УЩ ЗЭРЫЛЪЫТЭР.

-**"ГЪЭ"М** ТХЭН ИУХА НЭУЖЬ, **ИТХА**Р **КЪОХЪУ**РИ, МЫ **ЗЭМАНЫГЪУЭР "ГЪЭ"**М И **"МАХУЭ"**У, **"ГЪЭМАХУЭ"**РЩ.

- **"ГЪЭ"**М И **"МАХУЭ"**У ГЪЭМ ЩИГЪАХЪЭ МЫ ЗЭМАНЫГЪУЭР ХУЭМ ХУЭМУРЭ **БЛЭКIЫУ ЩIЕДЗЭ**РИ, МЫ ЗЭМАНЫГЪУЭРИ **"БЖЬЫХЬЭ"**РЩ. АУЭ, "БЖЬЫХЬЭ" ПСАЛЪЭР КЪЫЗЭРЫХЪУАР ТОПОКОСМИКЭ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ НЭХЪРЭ ЛЭЖЬЫГЪЭУ КЪЕКIУЭКIЫМ ТЕУХУАУЭ ЛЪЫТАПХЪЭЩИ, ГЪЭМАХУЭМ КЪИТА **ГЪЭШ**ЫР **КЪЕХЬЭЛI**ЭЖЬЫН, ЩIЫМАХУЭРЭ ИУЖЬРЕЙ ГЪЭМ ЗЫХУЭГЪЭХЬЭЗЫРЫН IУЭХУГЪУЭХЭР ВЭН-СЭНЫМ ХУЭГЪЭСА **ВЫР** (ВЭ-Ы → ВЫ) **БЖЬЫ**М **ЩIАЩIЭ**У ЗЭРЫЗЕКIУЭР "**БЖЬЫ**Р **ХЬЫ**УЭ ЗЭРЫ**ЩЫТ"**У ЗЭРЫЛЪЫТЭКIЭРЭ УХУА ПСАЛЪЭУ ЖЫIЭПХЪЭЩ "БЖЬЫХЬЭ"Р.

- "**БЖЫГЪЭ**М И **КIЭ**"М **"ГЪЭ"**М И **КЪАРУ**Р ФIЫУЭ ХЭЩIАРЭ **ЩIЭКI**АУЭ ЩЫТЩИ, МЫБЫ ЩЫГЪУЭРИ **"ЩIЫ"Р "ГЪЭ"М ЩЫТЕКIУЭ** ЗЭМАНЫГЪУЭУ, **"ЩIЫ"М И** "**МАХУЭ"**РЩИ, **"ЩIЫМАХУЭ"**РЩ.

*

**ПСЭУРЭ ТХЪЭЖУ ФIЫКЪАНЭ!**